ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№136 (23.544) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зыужьынысъэм трагъащІэ

● Дыгъуасэ

КЪР-м и Правительствэм дыгъуасэ щызэхэтащ «Инвестируй в Кавказ» бизнес зэхуэсыр. УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкіэ корпорацэ» зэгуфхьэныгъэр (КРСК), «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» Іуэхущапіэр дэщІыгъуу «Посети Кавказ» фондым къыхэзыгъэпэщ мыпхуэдэ зэхьхьэхэр нэхъ илэкІэ щекІуэкІащ Ингуш, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь крайм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щекІуэкІа еплІанэ зэхьхьэм хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм, КЪР-м и Правительствэм, КРСК-м, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» Іуэхущапіэм я унафэщІхэр, хьэрычэтыщІэхэр, инвесторхэр, республикэм и районхэм я лІыкІуэхэр.

Бизнес зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр хьэрычэтыщІэхэм я Іуэхур ирагъэфІэкІуэн папщІэ къагъэсэбэп хъуну къэрал программэхэм, зи мылъку къыпхэзылъхьэфынухэм хэгъэгъуэзэныр, бизнесымрэ къэралымрэ зэдзэгъэлэжьэныр.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къудзэ **Развожаев Владимир** зэІущІэр къыщызэІуихым жиІащ «2025 гъэ пщІондэ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымэ тетуэдауэ» къэрал программэм тету зэлэжьынуэр щынальхъэм я экономикэр кьэІэтыным нэхъ хуэгъэзауэ щытыну 2016 гъэм зэраубзыхужар. Министерствэм 2017 гъэм КИФЩІ-м и щынальхъэм зэхуэдэу сом мелуан 500 яхуэхащ. 2018 гъэм а бжыгъэр сом зы мелардым нэс хагъэхъуэфынущ, инвестицэ Іуэхуэхэр зэрагъэзэщІэфым елъытауэ. Развожаевым къыхигъэщащ къэрал къулыкъущІэхэм, банк лэжьакІуэхэм, инвестицэ Іуэхум пылъхэм кьагурыІуэн зэрыуейр мы зэманым абыхэм я дежкІэ нэхъыщхьэр щІынальэм и экономикэр кьИІэту зи Іуэху кьызэзыгъэпэщыну гупыж зыщІ цІыхэр зэрыарар.

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Бэлэтокъуэ Владимир** УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм фІыщІэ хуищІащ мыхьэнэшхуэ зиІэу кьиныІэ бизнес зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэжьыжьакІэ.

- 2017 гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм къызэрилъэгъуэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ зыужьынымгъэр хъарзынэу къохъулІэ. Промышленностым къыщІигъэкІыр проценти 101,6-рэ хъуащ, мэкъумэшым - проценти 105-рэ. Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм епхауэ проект ин зыбжанэ догъэзащІэ. Псоми зэхэту щы гектар мини 7-рэ 870-рэ кьызэщІаубыдэу псынщІэу кьызыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадзэкІэ дгъэтІысащ, иджырей мардэм тет пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэхэр духуащ: абы хеубыдэ, псалъэм папщІэ, мэкъумэшэхэкІыу тонн мин 75-рэ кьыщІэзыгъэкІ, зыихъумэ, ар щэхуакІуэхэм я деж нэзыгъэс Іуэхущапіэ иныр. Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Китай Республикэм и къэрал Іуэхущапіэхэр и гъусэу, «Этана» промышленнэ комплексыр ухуэным йолэжь. Нобэ Іэщіагъэлі пажэхэр зыхэт мыпхуэдэ зэхуэсыр зэрекІуэкІым мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи дыщогугъ абыхэм я зэфІэкІкІр къэдгъэсэбэпыфыну, къытпэщыкІ къалэнхэр гъэззэщІэнымкІэ сэбэн кьытхуэхъуну, - жиІащ Бэлэтокъуэ Владимир.

КИФЩІ-м зегъэужьынымкІэ къэрал программэм кьарит Іэмалхэм тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкІэ департаментым и къудамэм и чэнджэщэгъу **Кипкеев Таулан**. Абы жиІащ мы зэманым Іуэхуэгъэзыдзэм теухуауэ къэралым программэ 44-рэ зэрыщылажьэр икІи ар сэбэп пылъу къэгъэсэбэпын зэрыхуейр. Къэпсэльам къызэрыхигъэщамкІэ, 2025 гъэ пщІондэ КИФЩІ-м зегъэужьыным тещІыхьауэ къащта къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэ зэрыхалъхьар, социальнэ Іуэхуэхэм трагъэкІуадэр ягъэмащІэу, экономикэм зегъэужьыным гупльитІ нэхъ зэригъэтыну. «Промышленностым, мэкъумэшым, транспортым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм щынальхъэхэм зыщедгъэужькІэрэ, инвестицэ Іуэхуэхэр нэхъыбэу КИФЩІ-м кьешэлІа мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым ди Іуэхущапіэм кьигъэхьа проекти 5-м щыщу 2017 гъэм дгъэзащІэну къэтщтащ «Вольфрам» компанием и проектыр. Мы зэманым хэпльэн щІэдзащ 2018 гъэм дыхэлэжьыну проектхэр кьыщыхэтыну зэхьэзэхуэм», - жиІащ Кипкеев Таулан.

«КРСК» Іуэхущапіэм и генеральнэ унафэщым и къудзэ **Якунин Илья** жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым «Севкавнитген-Д» Іуэхущапіэм епхауэ иджырей мардэм тет медицинэ Іэмэпсымэхэр зэгъэзэщыным зэрыщелэжьыр.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ «Тэрч налмэс завод» Іуэхущапіэм и унафэщІэм я советым и тхьэмадэ **Хьэжу Владимир**, «Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкІэ корпорацэ» АО-м и генеральнэ унафэщІ **Бекъалды Хьэзиз**, нэгъуэщІхэри. Зэхуэсым щызэпкърахащ инвестицэм теухуауэ банк Іуэхущапіэхэм ягъэзащІэ проектхэри.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и ЩІыхь тхьылъэр зэлъашІэм щратащ КИФЩІ-м и социально-экономикэ зыужьынымкІэ зэхуэсыгъэ хуэзыщІа, Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт Іуэхум щепсэн. цІыху зыбжанэм.

Бизнес зэхуэсым Іэ щыщІадзащ республикэм санаторно-курорт центр къыщызэгъэпэщыныкІэ КЪР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэ» Іуэхущапіэмрэ, КЪР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ «Посети Кавказ» фондымрэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэхэм. Ялэ зэгурыІуэныгъэм тету, къэкІуэну илъэситІым зэгъэсэу елэжьыну трахуэр Налшык къалэм и «Водогрязелечебница» Іуэхущапіэр зыхуэдэ къэкІуэнымкІэ.

Бэлэтокъуэ Владимир зэІущІэм и кІэм жиІащ зэхуэс купщІафІэ екІуэкІауэ къызэрильытэр, республикэм и экономикэм зи мылъку къыхэзылъхьэну хуейхэмкІэ ар сэбэп хъуну зэрыщыгугъыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Щапхъэ

Апэжыхьым и лІыгъэ

Республикэм МафІэсым пэщІэтыныжмкІэ и къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІ Борэн МуІэед къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъ иратыжащ мафІэсым хахуагъэ къыщызыгъэлъэгъуа, къэрал кІуэцІ къулыкъым и капитан Апэжыхь Алим, МВД-м и лэжьакІуэм.

2017 гъэм мазаем и 26-м Апэжыхь Алим Анзорей къуажэм дэт и унэм щыІэт. Абы и гъунэгъум и унэм напІэзыІэм мафІэ къыщІэнащ икІи псынщІэу пэш псоми нэсащ. МафІэм япэу гу лъызыта я нысэр мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэм псэльащ, итІанэ я гъунэгъуэм еджэу хуэжьащ, езыр-езыру къыщІэмыкІыфыну нанэр унэм къыщІэжьи хуейти.

Ялэу нэсащ капитан Апэжыхьыр. Іэнкун мыхъуу, пэшхэм Іуэгъэшхуэ зэрыщІэтым кьимигъэувыІэу, ар унэм щІыхьэри мафІэм кьыхихащ зи ныбжь хэкІуэта цІыхубзыр.

Гуэвэгъуэм хахуагъэрэ лІыгъэрэ къыщыщІэзыгъэльэгъуа Апэжыхьым, дауи фІыщІэшхуэ хуэфащщ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Пщэдейм хуолажьэ

ПщІэ зыхуэтщІ Бырдж Шериф, ди нэхъыжьыфІ Нэгъуей Яшар!

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 4 - 14-хэм Тыркым щыщ Бурсэ къалэм къыщызэгъэпэща Іуэху щхьэпэм папщІэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Тэрч щІыналъэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм, сабийхэм я адэ-анэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ ин фхудощІ!

Адыгэ щІэблэр щызэрыцІыху, лъэпкъыбзэр, хабзэр, гъэсэныгъэр щытепщэ нэгэзыужь зэхьхьэр иджы ещанэрейуэ дахэу кьывзэхъулІащ. Лъэпкъым и къэкІуэнур зей щІэблэм кьахуэфщІа гупльитэр зэи ящыгъупщэнукъым. А зэхьхьэм ныбжьэгъу щызэхуэхуа ныбжьыщІэхэм я зэрыцІыхуныгъэр кІыхь хъуну, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэрыуфыдыжьыным хуэщхьэпэну дыщогугъ.

Лъэпкъ Іуэхум гуу-лыу хузиІэу, абы и пщэдейм хуэлажьэ ди лъэпкъэгъу лъапІэхэм, хэкум икІа сабийхэм гугъу кьадехьа дэтхэнэми псапэу Тхьэм кьывитьыж!

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.
НАКУЭ Сослъан,
Тэрч щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.
Налшык къалэ, 2017 гъэ, бадзэуэгъуэм и 17

● Ди къуэш республикахэм

Я зэпыщІэныгъэм зрагъэубгъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къумпіыл Мурат хуэзащ Тыркум и генеральнэ консул Озигджи Юнус Эмре.*

АДЫГЭ Республикэм и Правительствэм и Унэм тырку лІыкІуэмрэ республикэм и унафэщІхэмрэ щытепсэльыхьащ урысей щІыналъэмрэ Тыркумрэ зэрызэдэлэжьэнум. Къумпіыл Мурат жиІащ адыгэ куэд Тыркум зэрыщыпсоуи, тырку бизнесыр куэд щІауэ лъэ бидзэкІэ Адыгейм зэрыщыувам мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Сэ сихьэзырщ зэщІыгъуу Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыным, инвестицэ проектхэр, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, нэгъуэщІ Іуэхуэхэр пхыгъэкІыным кІэ сэбэн сыхъуну, - жиІащ Озигджи Юнус Эмре.

Иджыпсту Адыгейм щолажьэ тырку мылъку зыхэлъ Іуэхущапіэ 20. Абыхэм ящыщщ полиппроп-лен къэпхэр щагъэхьэзыр заводыр (ООО «Бемхолдинг»). Республикэм Тыркум ирегъашэ прунж, редукторхэр, пхъэхэмрэ абы къыхэщІыкІа хьэпшыпхэмрэ. Езы Тыркуми щІыналъэм кьрешэ псэуалъэпхъэхэр, механикэ Іэмэпсымэхэр, пластмасс, абдж, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр.

Урысейм и пщІэр щеІэт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Альджыхь и Саламин хытІыгум щокІуэкІ фольклор къафэхэм я IV дунейпсо фестиваль. Урысейм и щІэкІэ абы хэтщ КъШР-м и Къафэмкіэ и къэрал театрыр.*

ЩЭНХАБЗЭМКІЭ зэдзэгуэшэным, я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным теухуа фестивалым утыку кьыщихьэнущ Альджыхьм, Румынием, Испаниием, Китайм я ансамблхэр. Къэрэшей-Шэрджэсым и гупым ягъэлъэгъуэнущ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэр. Ансамблыр нэхъапэхэм хэтащ урысей, дунейпсо фестивалхэм, Альджыхьм иджы ящу кІуауэ араща, республикэмрэ къэралымрэ я пщІэр яІэтын хуэдэу гушхуэныгъэ яхэлъщ.

УАРДЭ Жансурэт.

ЦІыху 645-м диплом плъыжьхэр иратыж

Налшык дэт «Театр щхъуантІэм» бадзэуэгъуэм и 17-м щызэхэтащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр мы гъэм диплом плъыжькІэ къэзыухахэм я щІыхькІэ къызэрагъэпэща гуфІэгъуэ пшыхь.

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм и унафэщІхэр, хьэщІэ лъапІэхэр, егъэджакІуэхэр, пшыхьыр зращІэкІхэм я адэ-анэхэмрэ я ныбжьэгъуэхэмрэ я Іэгуаущхэуэм щІэту, сурэттеххэр ятепщыпщІэу университетым и ректор Альтуд Юрий диплом плъыжьхэр яритыжащ КъБКъУ-р мы гъэм фыц дыдэу къэзыуха цІыху 645-м.

А пщыхьэщхьэ дахэм КъБКъУ-м екъуэхъуну, мы гъэм еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыухахэр зэрагъэлъэпІэр зрагъэлъэгъуну зыкъзрагъэхьэлІат КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, КЪР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщыкъуэ ФатІимэт, ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Зумакулов Борис, сурэтыщІ гъуэзджэхэмкІэ музейм, Ткаченко А. Л. и цІэр зезыхьэм, и унафэщІ Тау Ритэ сымэ. Ахэр еджапІэ нэхъыщхьэми, ар къэзыуахэхэми, абы и унафэщІхэми, егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми, къызэхуэса псоми екъуэхъуащ.

Дипломхэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту щІалэгъуалэм яритыжащ университетым и ректор, техникэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, щІэныгъэмрэ техникэмрэ щиІэ екъуэлІэныгъэхэм папщІэ УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата, Урысей Федерацэм III класс зиІэ и действительнэ къэрал чэнджэщэгъу Алтуд Юрий.

«ПщІэ зыхуэтщІ ныбжьыщІэхэ! КъБКъУ-м мы гъэм ехъулІэныгъэфІхэр къыщигъэлъэгъуащ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Нобэ ди еджапІэ нэхъыщхьэр фІагъым и дамыгъэу къалъытэ хъуащ. Сэ икъукІэ сыщогугуфыкІ къулыкъу лъагэхэр къыщыфхуагъэфащэ хуэну дипломхэр ныщхьэбэ къызэрыватыжым, зэвгъэгъуэта щІэныгъэмкІэ екъулІэныгъэфІхэр къыфхуэкІуэну си гуапэщ. Сыныводхъуэхъу фи зэІуэпэщІагъэм и лъабжьэу щытыну ІэнатІэ къэвгъуэтыным и мызакъуэу, фи псэм къыдыхъэ, фызыщыгуфІкІ лэжьыгъэ къэвгъуэтыну», - жиІащ ректорым икІи щІалэгъуалэмри абыхэм я адэ-анэхэми фІыщІэ яхуищІащ я еджапІэ нэхъыщхьэр къызэрыхахам щхьэкІэ, апхуэдэуи университетым и профессорхэмрэ и егъэджакІуэхэмри зэрахуэарэзыр яжриІащ республикэм ІэщагъэлъыфІэр зэрыхуагъэхьэзырам папщІэ.

Альтуд Юрий пшыхьым къыщеджащ КЪР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий еджапІэ нэхъыщхьэр къззыухэм зэрызэхауигъаз хъузхъум. «КъыхэзгъэщІыну сыхуейт ари КъБКъУ-р диплом плъыжькІэ къззыухахэм зэращыщыр», - жиІащ университетым и ректорым.

ГуфІэгъуэ пшыхьыр ягъэдахащ КъБКъУ-м и «Каллисто», «Амикс», «Къафэ», «Импульс» гупхэм.

ДОЛ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм зэи къэмыхъуауэ фІэІугъэ куэд щащІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, хамэ къэралхэм кърашу щытахэм я пІэкІэ щэхуакІуэхэм зэрагъэрыхьэнум кьинэмыщІауэ, абыхэм зэрефІэкІыр.

ХАДЭХЭКІХЭР кьрахьэлІэжу, абыхэм елэжьу зэрыщІадзэрэ, фІэІугъэ щащІ Іуэхущапіэ псоми зэхэту къыщІагъэкІащ банкІ мелуани 8-м щІигъу. Нэгъабэ ящІахэм щыщ хэту, ди республикэм Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм иригъэшащ банкІ мелуан 200-м щІигъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Ди щІыналъэр фІэІугъэкІэ бейщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм зэи къэмыхъуауэ фІэІугъэ куэд щащІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, хамэ къэралхэм кърашу щытахэм я пІэкІэ щэхуакІуэхэм зэрагъэрыхьэнум кьинэмыщІауэ, абыхэм зэрефІэкІыр.

ХАДЭХЭКІХЭР кьрахьэлІэжу, абыхэм елэжьу зэрыщІадзэрэ, фІэІугъэ щащІ Іуэхущапіэ псоми зэхэту къыщІагъэкІащ банкІ мелуани 8-м щІигъу. Нэгъабэ ящІахэм щыщ хэту, ди республикэм Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм иригъэшащ банкІ мелуан 200-м щІигъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Хъыбар гуапэ

Егоровэ Татьянэ и хъуэхъу.

Ректор Альтуд Юрий я гъусэу.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 20, *махуэку*

♦Шахматхэм я дунейпсо махуэщ. 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахматт федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщыІэзэрагъэпэщам тращІыхьауэ.

♦Японием щагъэлъапІэ тенджызым и махуэр

♦Тортым и дунейпсо махуэщ

♦Колумбием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1810 гъэм Богота къалэм щІухуэхэр къыщызэрыІэтащ, Испаниием къыгурыІуэу къэрал щхьэхуит хъуну къагъэувы.

♦1534 гъэм Кембридж (Инджылыз) дунейм щыяпэу тхылъ къыщыдагъэкІ Іуэхущапіэ къыщызэІуахащ.

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цІэри фІащащ.

♦1900 гъэм Париж Франджым щыяпэу метрополитен къыщызэІуахащ.

♦1941 гъэм СССР-м Къэрал щынагъэуэнщагъэмкІэ и цІыхубэ комиссариатымрэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ цІыхубэ комиссариатымрэ зэгуагъэхьэжри, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ наркомат къызэрагъэпэщащ.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольяттти къалэм щыухуэным теухуауэ.

♦1969 гъэм США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр Маззэм тетІысхьащ.

♦1990 гъэм Осетие Иджхэрэ автономнэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ я къэрал суверенитетым теухуа унафэ икІи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэреджэу щыта Владикавказ цІэр иритыжащ.

♦Къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхьэрэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм щІэрыІуэри нэгъуэщІ куэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхьэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **АфІэунэ Лиуан** къызэралъхьэрэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, АР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и пэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуиикъуэ Налбий** къызэралъхьэрэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Экономист еджагъэшхуэ, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТІрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей фигурист цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Олимп джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 21, *мэрем*

♦Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ - къэралым и махуэ нэхъ лъапІэ дыдэщ. 1831 гъэм екІуэкІа хэхьныгъэхэм щытекІуэри, пащтыхьыгъуэр ІэщІыхьащ Леопольд I. А махуэм тохуэ Бельгием и щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэмрэ и конституцэмрэ къыщащтар.

♦1613 гъэм Урысейм и пащтыхь хъуащ Романов Михаил Фёдор и къуэр. Романовхэ ящыщу аращ пащтыхь тахтэм япэу итІысхьар.

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ Кючук-Кайнарджий мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэр зэращылІащ, 1768 - 1774 гъэхэм а къэралитІым ирагъэкІуэкІа зауэр зэриухам и щыхьэту

♦1829 гъэм адыгэлІ Хьэрыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІащ.

♦1906 гъэм Урысейм и Правительствэм и унафэщІу ягъэуващ мэкъумэш Іэнатіэм щыгъэкІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа Столыпин Пётр.

♦1917 гъэм Урысей Правительствэм и унафэщІ хъуащ Керенский Александр.

♦1941 гъэм нэмыцэ хэкІыпІэтэхэр Москва япэу щхьэщыхьэри лагьымкэр щрадзыхащ.

♦1969 гъэм Америкэм щыщ астронавтхэу Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвинрэ «Аполлон-11» кхъухьым икІри, дунейм псом апхуэдэ къыщымыхъуауэ, Маззэм теуващ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.

♦Ди эрэм и пэкІэ 356 гъэм къалъхуащ дззэешэ цІэрыІуэ, Македоние къэрал лъэрызехьэм и къызэгъэпэщакІуэ икІи и пащтых **Македонский Александр**.

♦Америкэ тхакІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхьэрэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион (1956 гъ.) **Стрельцов Эдуард** къызэралъхьэрэ илъэс 80 ирокъу.

♦Кржы уэрэджыІакІуэ щІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артистхэ **Брегвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гришаевэ Ноннэ** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъуехь зымышэчыр лІым хабжэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псыхэр къыщIигъэсэбэныныр щыхъумэныкIэ и Iэнатlэм щыщу щIыпIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм щIэгъэувэн хуейхэр убзыхуным и Iэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
Налшык къалэ №131-ПП

Урысей Федерацэм и Псы кодексым и 36-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Псыхэр къэгъэсэбэныныр хъумэныкIэ я Iэнатlэхэм зэхущытыкlэхэр щыгъэтэмэныным и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №336-РЗ-уэ 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыдэкlам и 3-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 13-нэ пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псыхэр къыщIигъэсэбэпымрэ зэрыщыхъумэмрэ я Iэнатlэм щыщу щIыпIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм щIэгъэувэн хуейхэр къэущтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №131-ПП-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псыхэр къыщIигъэсэбэпыным икIи щыхъумэным я Iэнатlэхэм щыщу щIыпIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм щIэгъэувэн

ХУЕЙХЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псыхэр къыщIигъэсэбэпыным икIи щыхъумэным я Iэнатlэхэм щыщу щIыпIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм щIагъэувэ псыхэр къагъэсэбэпыным, хъумэным я Iэнатlэхэу федеральнэ къэрал кIэлъыплъыныгъэм химыубыдэхэр, щIыхьхэмрэ Iэхуэщlапlэхэмрэ псыхэр къэгъэсэбэпыным, хъумэным теухуа лэжьыгъэ щрагъэкIыкIхэр, апхуэдэу псыхэмрэ псы Iуфэхэмрэ къыщагъэсэбэпхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хыхьэ псы лIэужьыгъуэ псори;

зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъэншагъэмрэ егъэщIылIа щIыхэм, апхуэдэу къэралым зихъумэжыным хухамыха щIыхэм, федеральнэ энергетикэ системэхэм, федеральнэ транспортым е къэралыр зыхуей кIэлъыплъыкIэм хухамыха щIыхэм щIыIэ псыхэр;

бдзэжьейхэм я анадром, катадром лIэужьыгъуэхэр зыхэмыс псыхэр;

гъунапкъэ зэхуакухэм (гъунапкъэхэм) щымыIэ псыхэр;

цIыху минищэ нэхъ р нэхъ мащIэ зыщыпсэу къалэхэр, апхуэдэу зы илъэсым псыуэ кубометр мелуан 15 нэхъ р мынэхъ мащIэ къэзыгъэсэбэп предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зыхуей-зыхуэфIхэм папщIэ къагъэсэбэп псыхэр;

хэхуэу яхъумэ псыхэм е федеральнэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэхэм щхьэхуэу ямыхъумэу щыIэ псыхэр е абыхэм ящыщ Iыхьэхэр;

бдзэжьей щагъэхъуэ щIыпIэхэу щымытхэм щыIэ псыхэмрэ абыхэм ящыщ Iыхьэхэмрэ.

Адыгэбзэмрэ ди лъэпкъ хабзэмрэ зэрыт щIыпIкIэмрэ хуащI пщIэмрэ зыфIэмащIэ ди цIыхухэм я тхыгъэхэр газетхэм зыкIтохуэ, радиокIэ къат, телевизорми къагъэлъагъуэ. Зыгъэгушавэри зы Iэхуэгъэщ: дауэ тхъума хъуну ди бзэмрэ хабзэмрэ, сытхэр ди Iэмал, ди хэкIыпIэ? Дауэ датекIуа хъуну зи бзэр, зи хабзэр Iумпэм зыщIу хыфIэзыдзэжа дэ къыгхэкIа адыгэхэм? Сэри зыбжанэрэ сытхащ мы Iэхуэм теухуауэ, ауэ сыт къикIар? Зыкъомыр къуджэ, нэхъыбэр къеджэрэкъым икIи хуейкъым къеджэну. Аращи, абдеж къыщонэж. Къеджэну пIэрэ а тхыгъэхэм зыгуэр зыхуэзэфIэкIыну къулыкъущIэхэр? ФIэщ щIыгъуейщ.

ДИ КЪЭРАЛЫГЪУЭ диIэщ, ди бзэми, ди хабзэми пщIэ хэзгъыщIу, ар хъумэным бытелажьэу дыщытын хуейщ. Адыгэбзэр нэгъэсауэ ящIэу пIэрэ ди республикэм и унафэщIхэм, еджэфу, тхэфу, псэльэфу пIэрэ ахэр ди анэдэлъхубзэмкIэ? Сэ слъэкIамэ, кулыкъу лъагэ зыми естынтэкъым, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ ямыщIэу. Абыхэм щымыгъуазэхэм къафIэIуэхунукъым а лъэпкъ фIыгъуэхэр мыкIуэдыжьын щхьэкIэ щIапхъэхэр. Ди унафэщIхэр якIолъпплъыну сыхуейт ди гъунэгъу ЩIэшэн Республикэм я бзэмрэ я хабзэмрэ щыгъуащI гулыитэм и инагъым. Я телевиденэми, радиоми, я гъащIэми щытепщэр я анэдэлъхубзэщ. ЯIыгъыжьри я хабзэрщ, нэгъуэщIми хэгъуащэхэм. ФIыщIэшхуэ хуэфащэщ. Шэшэным я Iэтащхьэ Кадыров Рэмзан, я бзэм, я хабзэм, я фащэм пщIэшхуэ зэрыкуфIгъэщIыфым папщIэ. Я щIыпIэм сыт хуэдэ Iуэхугъуэ щекIуэкIми, Iэмал имыIэу я цIыхухэм езыри хэтщ, нэхъыбэу къыгъэсэбэпри я бзэрщ. Абыхэм я бзэми я хабзэми гъащIэшхуэ зэрадэнум шэч хэлъкъым.

Дз-щэ, «шурэ лъэсри я зэхуакуц» жыхуаIэращ. Пэжщ, Нэхущ Чэрим «Нанэ» жыхуиIэ уэрэдыр Москва щыжиIэу уедэIуамэ, «Кабардинка»-р къафэу уеплъамэ, пщыхьэщхьэ къэс адыгэбзэкIэ къат уэрэдхэм ущIэдэIумэ, адыгэбзэми гъащIэшхуэ иIэу къыпфIощI, ауэ ди гъащIэр зэрекIуэкIыж куууэ ухэплъмэ, пльагъуэрэ нэгъэщIщ.

ЮНЕСКО-м зэригъэбелджыламкIэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ щIыкIуэм я бзэхэм ящыщу адыгэбзэми гъащIэшхуэ имыIэжу кIуэдыжьынкIэ зэрыхъунур къиныташ. Пэжщ, адыгэбзэр къэралыбзэщ, ауэ ар лажьэркъым. ЩIэблэм бзэр Iэмал имыIэу ищIэн хуейуэ къэзыгъэув зы къэрал унафэ гуэри программэ щхьэхуэ щыIэкъым. Бзэхэр хъумэныкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ 1992 гъэм Европэм и Совет тым къищта «Европейская Хартия региональных языков или языков меньшинств» дэфтэрым. Абы пIэлъэкъ щыкIуэкIэм я бзэхэр ихъумэу аращ. Европей къэралхэм ар ягъэзащIэ. Урысейри мы Совет тым щыхьыхьэм, а дэфтэрым Iэ щIидзауэ щытащ. Зэ еплъыгъэкIэ, Урысейр а дэфтэрым емыбакъуэ хуэдэщ. Урысыбзэм щIигъуу субъектэри хуит ящIащ я анэдэлъхубзэр къэралыбзэу ягъэувыну. Арщхьэкlэ бзэ мылажьэм къару иIэну, зэрымылажьэм щхьэкIэ зыри мыгъэзавэжмэ? Аракъэ бзэ кIуэдыж жыхуаIэр? Дауэ бзэр зэрылэжьэнур, нэгъуэщI мыхъуми зы зэIуцIэ щыкIу абыкIэ ирамыгъэкIуэкIмэ, урысыбзэм бжыгъэр дэнэ дежи щIыгъмэ?

Пэжщ, дэ Урысей къэралыгъуэм дыхэтщ, Iуэхуу зетхьэр урысыбзэкIэщ зэрекIуэкIыр. Сэ урысыбзэм срибийкъым, къэбэрдейм уикIмэ, адыгэбзэкIэ еджапIэ гуэри щыIэкъым. Абыхэм узэрыщеджэнури, уи Iуэху зэрызехьэнури урысыбзэщ, абы къикIыркъым адыгэбзэр хьифIэддзэжьын хуейуэ, уи бзэрщ уи псэм нэхъ пэгъунэгъуэр, уи гур зыгъэхуабэр, уи лъэр жан зыщIыр, и IофIагъкIи уи анэдэлъхубзэм къыпэхъун зыри щыIэкъым. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, адыгэбзэр дуней псом щынэхъ пасэрейхэм ящыщщ. Ящэ дыдэу дунейм къытехьа бзитхум хэтауэ жаIэ. Зауэми, мафIэми, Iугъуэми илъэс мин бжыгъэкIэ къыкIуэцIрахьыурэ къилъыта урысей кино нэхъыфIи 100-м щыщхэм щIалэгъуалэр пщIэншэу ирагъэплъащ, цIыху мини 3-м нэблагъэ къызэщIиубыдэу.

Iуэхур зэрекIуэкIа пIалъэм къриубыдэу, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Котларовэ Мариерэ Гуппоев Тимуррэ щIэхщIэхыурэ школакIуэхэм яIущIащ, Хэку загъэушхуэр ди тхыдэм щыщ Iыхьэу зэрыщытым, ар зэрыщыIар зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунум щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ и комиссэм и унафэщI Гуппоев Тимур жиIащ: «Илъэс къэс нэхъ пэжыжьэ дыхуохъу зауэр щекIуэкIа зэманым. А илъэсхэр хьэлъэт, ауэ совет сэлэтыр и псэ еблэжакъым. Гъунапкъэншэщ ди япэ итахэм я зэманым къагъэльэгъуа лIыхъужьыгъэр. Абыхэм я щIыхьыр тхъумэныр дэ нобэ ди къалэнщ».

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым фIыщIэ хуещI Налшык къалэм дэт «Форум» киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и киномеханикэу Iэпкъеуэ Лидэрэ Артюнян Бэллэрэ.

КъАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

Анэдэлъхубзэм къыпэхъун зыри щыIэкъым

● Абы дегъэпIейтей

жьыхуиIэ уэрэдыр Москва щыжиIэу уедэIуамэ, «Кабардинка»-р къафэу уеплъамэ, пщыхьэщхьэ къэс адыгэбзэкIэ къат уэрэдхэм ущIэдэIумэ, адыгэбзэми гъащIэшхуэ иIэу къыпфIощI, ауэ ди гъащIэр зэрекIуэкIыж куууэ ухэплъмэ, пльагъуэрэ нэгъэщIщ.

ЮНЕСКО-м зэригъэбелджыламкIэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ щIыкIуэм я бзэхэм ящыщу адыгэбзэми гъащIэшхуэ имыIэжу кIуэдыжьынкIэ зэрыхъунур къиныташ. Пэжщ, адыгэбзэр къэралыбзэщ, ауэ ар лажьэркъым. ЩIэблэм бзэр Iэмал имыIэу ищIэн хуейуэ къэзыгъэув зы къэрал унафэ гуэри программэ щхьэхуэ щыIэкъым. Бзэхэр хъумэныкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ 1992 гъэм Европэм и Совет тым къищта «Европейская Хартия региональных языков или языков меньшинств» дэфтэрым. Абы пIэлъэкъ щыкIуэкIэм я бзэхэр ихъумэу аращ. Европей къэралхэм ар ягъэзащIэ. Урысейри мы Совет тым щыхьыхьэм, а дэфтэрым Iэ щIидзауэ щытащ. Зэ еплъыгъэкIэ, Урысейр а дэфтэрым емыбакъуэ хуэдэщ. Урысыбзэм щIигъуу субъектэри хуит ящIащ я анэдэлъхубзэр къэралыбзэу ягъэувыну. Арщхьэкlэ бзэ мылажьэм къару иIэну, зэрымылажьэм щхьэкIэ зыри мыгъэзавэжмэ? Аракъэ бзэ кIуэдыж жыхуаIэр? Дауэ бзэр зэрылэжьэнур, нэгъуэщI мыхъуми зы зэIуцIэ щыкIу абыкIэ ирамыгъэкIуэкIмэ, урысыбзэм бжыгъэр дэнэ дежи щIыгъмэ?

Пэжщ, дэ Урысей къэралыгъуэм дыхэтщ, Iуэхуу зетхьэр урысыбзэкIэщ зэрекIуэкIыр. Сэ урысыбзэм срибийкъым, къэбэрдейм уикIмэ, адыгэбзэкIэ еджапIэ гуэри щыIэкъым. Абыхэм узэрыщеджэнури, уи Iуэху зэрызехьэнури урысыбзэщ, абы къикIыркъым адыгэбзэр хьифIэддзэжьын хуейуэ, уи бзэрщ уи псэм нэхъ пэгъунэгъуэр, уи гур зыгъэхуабэр, уи лъэр жан зыщIыр, и IофIагъкIи уи анэдэлъхубзэм къыпэхъун зыри щыIэкъым. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, адыгэбзэр дуней псом щынэхъ пасэрейхэм ящыщщ. Ящэ дыдэу дунейм къытехьа бзитхум хэтауэ жаIэ. Зауэми, мафIэми, Iугъуэми илъэс мин бжыгъэкIэ къыкIуэцIрахьыурэ адыгэхэм ди лэщIыгъуэхэм кхахьэсыфащ ди бзэ дахэмрэ ди хабзэ тельыджэмрэ. НтIэ, иджы сыт кхэхъуар? КIуэдыжьину бзэхэм щхьэ ар хабжа? Пэжщ, лIэщIыгъуэрэ пщIэзэбгъэкIыжмэ, Урыс-Кавказ зауэм и уэжькIэ, ди бзэми ди хабзэми удынышхуэ ягъуэтащ. Ди цIыху пажэхэр а зауэжь гущIэгъунщэм хэкIуэдащ, я нэхъыбэм хэт гъэпцIагъэкIэ, хэти лIыгъэкIэ ди щIыпIэ дахэр ирагъэбгынащ. Нэхъыбэу абыхэм хэщIапIэ яхуэхъуар Тыркуратри, а зэманым абы унафэ ткIий яIэт, дэнэкIэ къиикIа лъэпкъри я бзэкIэ псэльэнуи еджэнуи хуимытуи, адыгэбзэр тIэкIу тIэкIуурэ яIэпыхущ. Адыгэ къуажэу зэхэтIысхьэхэм адыгэбзэ иджыри щызоклIуэ, нэхъыжьхэр ироплъэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэхэращ зи бзэмрэ зи хабзэмрэ зэрыщIэ пщIэ хуэзымыщIыжьыфыр. Абы къыхэкIыу нэгъуэщI къэралхэм щыIэ адыгэхэм я бзэми я хабзэми гъащIэшхуэ яIэжькъым, зыхэс лъэпкъым хэкIуэдэжьынущ. Журтэм нэгъуэщI къэралхэм щыIэ я лъэпкъэгъуэхэр зэрызрашэлIэжьыфым хуэдэу, мелуан бжыгъэкIэ дуней псом тепхъэ адыгэхэр Къэбэрдейм зришэлIэжьыфу щытпэмэ, ди бзэми ди хабзэми зебгъэужьжьыжьфынут. Ауэ Къэбэрдейм ар хуэфIэмыкIынщ. Урысейри абы хуейкъым. Мыдэкlэ щыпIэм къина адыгэхэр дауэ дыхущыт ди бзэр, ди хабзэр хъума хъуным? Куужэдэсхэм я дежь бзэри хабзэри нэхъ щыхъумя хуэдэщ, унагъуэхэм адыгэбзэращ щытепщэр.

Сыту пIэрэ дыщIэгъэзавэр, ахэр кIуэдыжьинкIэ хъунущ жыпIэу? Я́пэраеу, ди бзэр къэралыбзэу ягъэувами, абыкIэ зы къэрал Iуэхуи зэрахьэрхъым, еджапIэхэм бзэр фIы дыдэу ищIэрт, илъэс дэкIри, урысыбзэр къыIурылъэлъу ищIащ, зы адыгэбзэ псалъи щыгъупщэжакъым, я унагъуэм ильяр, щытепщэр адыгэбзэти.

Пэжкъым адыгэбзэр зэрамыщIэр сабий Iыгъыпlэм тезылъхьэхэм жаIэр - унагъуэхэм щызекIуэр урысыбзэщи, аращ. Куужэжьэм зы урыс унагъуэ дэскъым, итIани, гъэр иухауэ лэжьыгъэ ягъэззэщIахэмрэ къапэщытхэмрэ куужэ администрацэм и Iэтащхьэр щытепсэлъыхькIэ, зэIуцIэр зэрыригъэкIуэкIыр урысыбзэщ. Ари щыуагъэу къызэлIфIэуэхэмкIэ, зэIуцIэр зэрыщыкIуэм, ахъшэ тIэкIу къызэралъжьын къудейщ.

Ди бзэм хуэдабзэу, ди хабзэми шынагъуэ къыщIхьэщохьэ. ХьэгъуэлIыгъуэр къэтщтэнщи, а лъэпкъ хабзэ дахэм щыщу зэхъуэкIыныгъэ имыгъуэту куэд къэнауэ пIэрэ? ИпкIэ нэхъыжьхэмрэ щыхъухъэмрэ щагъэпщкIуу щыта нэрыбгэ щыкIум, адыгэ лъэпкъ фащэм и пIэкIэ иджы хамэ лъэпкъым и бостей хужь пщэ кьихар щатIагъэ, и щхьэм пыIэм е шылэхъарым и пIэкIэ Iубахьэм зэрихьэ «бзджьхъ» щыкIур фIэлъщ. Нэхъ екIуэкъэ, нысащIэри щауэри адыгэ фащэкIэ хуэпауэ щытамэ, жыжьэу къапльэми къащIэнтэкъэ унагъуэщIэр зыщыщ лъэпкъыр? Сыт атIэ адыгэ фащэр щыщамытIэгъэжьыр щауэмрэ нысащIэмрэ? Япэм адыгэ фащэр зыхъума унагъуэхэр куужэхэм дэсти, абыхэм къыIахьыртри, хьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIыну, зейм иратыжьыт. Иджы ахэр щыIэжькъым, сыт атIэ тщIэн хуейр? Къуажэ унафэщIхэм жэрдэм къыхалъхьэу жылэ къэс дэт Щэнхабзэмкlэ унэм адыгэ фащэ зытхух щIалъхьэу, абы щахъумэу щытын хуейщ, хьэгъуэлIыгъуэр зейр абы къакIуэрэ къыIихэр, нысащэр зэфIэкIа нэхъ, иратыжу. Дуней псом адыгэ фащэм нэхърэ нэхъ дахэ хъущагупсыдаэ къыщIэкIынкъым. Абы цIыхур егъэдахэ, егъэин, егъэлъапIэ, и адыгэ лъэпкъыр дахэу къыхегъащ, и лъэр жан егщI. СыныволъэIу ар зыхъуэфIэкIынухэр а Iуэхум кIэ дэIэпыкъуэгъу фыхъуну.

Зэрыфлъагъущи, ди бзэм и мызакъуэу, ди хабзэми зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтащ. Иджы къежьа хабзэщIэхэм ящыщщ благъэ зэхуэхъуахэр псори зэуэ зы шхапIэм, ресторан гуэрым щызэхуэсу, нысашэр абы зэрыщагъэкIуэкIыр. Дауэ атIэ ар зэрекIуэкIыр? Адыгэ хабзэм тету пIэрэ?

Япэрауэ, нысащIэр урыс фащэкIэ яхуапэ, щауэм бгъэдагъэтIысхьэжри, машинэ псынщIэхэмкIэ зэщIэжьыуэу, зэщIэфиеу куэйр къызэхажьыхь, рестораным къожэлIэж, щIалэгъуалэ гупышхуэ я гъусэу. Абыхэм къащIопплъэ фадэрэ шхынкIэ узэда Iэнэхэр, КIий-гуо фIэкIа зэхьумыхыу, зэрызохьэри зэхэсщ. Къэтэджри, щауэмрэ нысащIэмрэ къызэдофэ, загъэджэрэзри утыкум итщ. Адрейхэри къофэ, нысащIри адрей щIалэхэм къагъафэ. Урыс хьэгъуэлIыгъуэм техьэным зы псалъэ закъуэщ къыхуэтыжьыр: «Горько!» - жаIэу кIиинырщ. Ари къаублэну къыщIэкIынщ, апхуэдэу екIуэкIмэ.

Сыт хуэдэ къулыкъу уимыIэми, дэнэ ущымыIэми, узэрыдыгэр пщIэжу, уи бзэмрэ уи хабзэмрэ пщIэ яхуэпщIыкъым, къыхэщу щытын хуейщ.

НЫБЭЖЬ Мышэ,
Болэтэй къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.
Тэрч щIыналъэ

Iуэхуфl зэфlагъэкl

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ и комиссэмрэ ЩIалэгъуалэ советымрэ мэлыжьыхьым и 11-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 5 пщIондэ ирагъэкIуэкIащ «А махуэхэр зэи ящыгъупщэнукъым» Iэхур.

- ХЭКУМ и тхыдэмрэ и пщIэмрэ зэрыниыр ди щIалэгъуалэм зыхащIэн, абы иripагэн папщIэ къызэдгъэпэща Iэхуущ мыр, - жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ и комиссэм и унафэщI Лий Ланэ.

«А махуэхэр зэи ящыгъупщэнукъым» Iэхум ипкъ иткIэ, курыт еджапIэхэм щIэсхэм КъБР-м и музейхэм зыщрагъэпIылъхьащ, Хэку заущхуэм хэтахэм я деж ахэр ящащ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым и лIыкIуэхэр щыIащ Шэджэм, Яныкъуей, Каменкэ, ЩIхьэлыкъуэ, Зеездиэ жылагъуэхэм, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ зэрырикъумкIэ екъуэхъуащ Хэку заущхуэм хэта цIыхуитхэм, нэмыцIэлъэм исаитIым.

КъищынэмыщIащ, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм хэкупсэ мыхьэнэ иIэу къилъыта урысей кино нэхъыфIи 100-м щыщхэм щIалэгъуалэр пщIэншэу ирагъэплъащ, цIыху мини 3-м нэблагъэ къызэщIиубыдэу.

Iуэхур зэрекIуэкIа пIалъэм къриубыдэу, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Котларовэ Мариерэ Гуппоев Тимуррэ щIэхщIэхыурэ школакIуэхэм яIущIащ, Хэку загъэушхуэр ди тхыдэм щыщ Iыхьэу зэрыщытым, ар зэрыщыIар зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунум щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымрэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ и комиссэм и унафэщI Гуппоев Тимур жиIащ: «Илъэс къэс нэхъ пэжыжьэ дыхуохъу зауэр щекIуэкIа зэманым. А илъэсхэр хьэлъэт, ауэ совет сэлэтыр и псэ еблэжакъым. Гъунапкъэншэщ ди япэ итахэм я зэманым къагъэльэгъуа лIыхъужьыгъэр. Абыхэм я щIыхьыр тхъумэныр дэ нобэ ди къалэнщ».

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым фIыщIэ хуещI Налшык къалэм дэт «Форум» киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и киномеханикэу Iэпкъеуэ Лидэрэ Артюнян Бэллэрэ.

КъАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

● Хъыбарыфl

ПсыкIэ къызэрагъэпэщ, гъуэгум асфальт тралъхьэ

Бахъсэн и «Ухуакlуэ» хьэблэм щыпсэуэхэр гъэмахуэ къэс хуабжьу гугъу ехьырт псыр куэду къагъэсэбэпын щIадза иужькIэ зэфэнур унэ псоми зэралъэмыIэсым къыхэкIыу. ЦIыхухэм я тхъэусыхафэхэр къильытэри, къалэ округым и администрацэм Iэмал къигъуэтащ «Юность» стадионым и Iэгъублагъэм псы-къыщIэшыпIэщIэ щиухуэну. Ар мэрем кIуам яутIыпщащ.

КЪЫЩIЭЩЫПIЭЩIэМ и фIыгъэкIэ псыр пэрыхьэту жэщи махуи иджы яIэрыхьэнущ Титовым, Комаровым, Терешковэм, Космонавтхэм, нэгъэщI узрамхэми щыпсэуэхэм.

Абы щыгъуэми Дыгулыбгъуей къуажэм щыIэ Сыжажэм и узрамым тесхэр щогуфIыкI асфальтыщIэ я гъуэгум зэрытралъхьам. Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и къарукIэ метр зэбгъуэнатIэ 4200-м ар трагъэгъэщ. Бахъсэн узрамым къыщIидзауэ ныжабгъ заводым нэскIэ гъуэгуэр «ядыжащ», язынныкъуэ щIыпIэхэм и деж асфальтыр зэрыщыту яхъуэжу.

Къалэ паркми зэхъуэкIыныгъэхэр къыполлъэ. Абы и лъэс лъагъуэхэр плиткэхэр иралъхьэну ягъэхьэщIэ. Аллеехэр захуэу зэтрауба иужькIэ, яубзыхуэ щIыпIэм и кIыхьагъкIэ бордюрхэр щагъэувынурэ плиткэхэр илъхьэн щIидзэнущ.

ХЬЭТАУИслъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

Административнэ жэуапим ирашалIэ, йотхьэкъу

Урысейм Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iэнатlэм и IэщlагъэлIхэр щыIгъуу, Аруан щIыналъэм и прокуратурэм къыпщытащ зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр щаIыгъ, щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущlапlэхэм сабийхэм я гъащIэмрэ я узыншагъэмрэ хъумэныкIэ законодательствэр зэрыщагъэзащIэр.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым къыззрахутамкIэ, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №3-м зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэм я «Сабиигъуэ» (Детство) къудамэм 2.4.1.3049-13 Сан ПиН-м къыгъэхэм щегугъуркъым. Къапщтэмэ, хьэжьыкIуэ тхьэщIыпIэм пщалъэм къитIасэ шланг лантIэм хуэдэ иIэкъым, щыIалъэм и гъэщтыпIэ камерэм зи пIалъэр икIа гъэшыр щахъумэ.

Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №91-м и апхуэдэ Iуэхущlапlэр къыщащIыгъэ зэманым псы иIэтэкъым, Псыгуэнсу дэт курыт школ №91-м щызэрахьэ фошыгъэм хъумпIэщIэдж хэст.

Апхуэдэу Нарткъалэ и курыт еджапIэ №№ 3-4-хэм зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр щаIыгъ я къудамэхэм, Псынабэ, Псыкуэ, Щэрэдж Ищхьэрэ, Шыгтьхэлэ, Аруан къуажэхэм я еджапIэхэм, Старэ Шэрэдж и школ №2-м, Нарткъалэ и сабий гъэсапIэ №№3-мрэ 5-мрэ санитар-эпидемиологие хабзэхэм щемыгугъуу къыщIэкIащ.

Къэпщытэныгъэм къриклуам ипкъ иткIэ, УФ-м и КоАП-м и 6.6-нэ статьямрэ 6.7-нэ статьям и япэ Iыхьэмкlэ зи гугъу тщIы Iуэхущlапlэхэм я унафощIхэм яхуэгъэзауэ щIыналъэм и прокурорым административнэ Iуэху 23-рэ къыззэIуихащ икIи щыхэплъэн папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм и Аруан район къудамэм ираташ.

Абыхэм хэплъэри, УФ-м и КоАП-м и 6.7-нэ статьям и япэ Iыхьэмкlэ, цIыху 13 административнэ жэуапим ирашэлIащ, дэтхэнэми сом минищкIэ етхьэкъуащ. Апхуэдэу УФ-м и КоАП-м и 6.6-нэ статьямкIэ цIыхуи 10-м административнэ жэуап ирагъэхьащ икIи дэтхэнэми сом минитхукIэ етхьэкъуащ.

КъищынэмыщIауэ, хэахута ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну, къуаншэхэр дисциплинэ жэуапим ирашэлIэну яхуэзыгъэув тхьылъ 13 а Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэм хуатхащ. Абыхэм ящыщу 9-м хэплъэри, кIыпIыкъуущIэ 17-м дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ. Адрей тхьылъыплъ хоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Кавказ эскадроным хэт адыгэ обер-офицерымрэ абы и щхьэгъусэмрэ.
Петербург, 1861 гъэ

Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Саммитым кърикІуахэр

● Гамбург

Бадзэуэгъуэм и пэм Германием и Гамбург къалэм щыІэзэхэта «къэрал тІощІым» я саммитым кІэрикІуахэм Урысейм и Президент Путин Владимир хэпІъэжащ. Къэралым и Іэтащхьэм къихигъэщащ США-м и президент Трамп Дональдрэ урысей лъэныкъуэмрэ зэгурыІуэу зэрызэдэлэжьэфынур и фІэщ зэрыхьур.

Эльбэ щызэхуоэз

Путин Владимир журналистхэм яжриІэжащ США-м и президент Трамп Дональд ягъэ зэрыІущІар. Абы и псалъэхэм сыдэрыхъщамкІэ, «телевизорым кьигъэльагъуэ Трамп» ар ипэжыпІэкІэ зэрыщытым куэдкІэ кьыщыхьощкІ. «США-м и Іэтащхьэр щыхум гупсэ-хуу йодэІуэф икІи кьыІэрахьа хьыбарыи пэжыпІэр псынщІэу зэхечъэкІ. Сэ сызэреплъымкІэ, ди зэпсэльэныгъэр зэреклуэкІамхуэдэу, зэпыщІэныгъэхэри зэтедублэмэ, Іэмал псори щыІэщ дызыхуей зэдэлэжьэкІэм дыхуэхІуэфынымкІэ», - жиІащ абы.

КъызэрыщІэкІамкІэ, зэпсэльэныгъэхэр щекІуэкІым Трамп Дональд щІэупщІащ Урысеймрэ Обамэ Барак и администрацэмрэ я зэдэлэжьэкІуэ щытам. КъищынэмыщІауэ, абы и гугъу ищІащ Урысейр США-м и президент хэхьныгъэхэм «зэрыхэІэбами» икІи кьратыжа жэуапымкІэ арэзыуэ кьэнащ. Зэраубзыхуауэ щыта сыхьэт ныкъуэм и пІэкІэ зэпсэльэныгъэхэр сыхьэтитІрэ ныкъуэкІэ екІуэкІащ. А зэманым къриубыдэу президентхэр тепсэльыхьащ Украинэм, Сирием, лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэхэм. Путин Владимир къыхигъэщащ Сирием теухуауэ США-м иІэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъужкар, а къэралым и ипщэ щІыналъэхэм зауэр щагъэувыІэну зэрызэгурыІуар зэрыехъулІэныгъэшхуэр.

- Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Іуэху епльыкІэр нэхъыфІ хьуауэ къызэрыльытэ. ЗэхъуэкІыныгъэшхуэ игъуэтакъым, ауэ наІуэ хъуащ ди къарухэр зэкъуэдгъэувэгъэ куэд зэрыгъэкІынур. Абы и щыхьэтщ Сирием и ипщэ лъэныкъуэм теухуауэ дызэрызэгурыІуар. Хэт дауэ абы хущытами, жысІэфынущ ар Трамп дэрэ едгъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуа ехъулІэныгъэшхуэу, - жиІащ Урысейм и Іэтащхьэм.

А псом къадэкІуэу Путин Владимир къыхигъэщащ нэхъыщхьэр Сириер щІыналъэ зэкъуэту къэгъэнэжьыныр зэрыарар.

Украинэм щыщыІэ щытыкІэр

Путин Владимир Трамп Дональд гурыІуащ Украинэм щыщыІэ щытыкІэр зэпІэзэрыт щІыжьынымкІэ. «США-м и Іэтащхьэр щыхьэ Урысеймрэ Обамэ Барак и администрацэмрэ я зэдэлэжьэкІуэ щытам. КъищынэмыщІауэ, абы и гугъу ищІащ Урысейр США-м и президент хэхьныгъэхэм «зэрыхэІэбами» икІи кьратыжа жэуапымкІэ арэзыуэ кьэнащ. Зэраубзыхуауэ щыта сыхьэт ныкъуэм и пІэкІэ зэпсэльэныгъэхэр сыхьэтитІрэ ныкъуэкІэ екІуэкІащ. А зэманым къриубыдэу президентхэр тепсэльыхьащ Украинэм, Сирием, лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэхэм. Путин Владимир къыхигъэщащ Сирием теухуауэ США-м иІэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъужкар, а къэралым и ипщэ щІыналъэхэм зауэр щагъэувыІэну зэрызэгурыІуар зэрыехъулІэныгъэшхуэр.

- Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Іуэху епльыкІэр нэхъыфІ хьуауэ къызэрыльытэ. ЗэхъуэкІыныгъэшхуэ-хэр - ахэр хабзэм къемыгъэгъэ къыз...

Экономикэм теухуауэ аргуэру зэ

Урысейм и Іэтащхьэм и пресс-конференцыр зытеухуауэ щытар саммитым кърикІуахэрами, лъэпкъ экономикэм теухуауэ упщІэхэри абы къыщыІуащ. Абы къэкІуэм жэуап щаритым, президентым къыхигъэщащ дунейпсо экономикэр щытыкІэ гугъуэм зэритым емылытыагъэ, Урысейм зэрыізиужьыр зэрынэрылъагъур. «И щхьэр течауэ жыпІэ хъунущ Урысейм и экономикэр щытыкІэ гугъуэм къызэрикІар. Кварталищ, уеблэмэ, илъэс хъуащ хэхъуэ диІэ зэпыту дызэрекІуэкІрэ. Накъыгъэ мазэм ди лъэпкъ экономикэм и зыужьныныгъэр процентн 3 - 3,1-м фІэкІащ. СызэреплъымкІэ, 2017 гъэм ику иту процентн 2-кІэ хэхъуэнущ», - жиІащ къэралым и Іэтащхьэм. Путин Владимир къыхигъэщащ ар «дунейпсо экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуэхъунури». Абы зэрыжиІамкІэ, къэралым адэкІэ зэрызиужьыну щыкІэр тещІыхьауэ щытын хуейщ УФ-м и зыужьныныгъэм и планыр гъэхьэзырыным пэжыгъэшхуэ ебыщІа зэрыщІа урысей правительствэм и жэрдэмхэм. Ауэ, экономикэм и зыужьныныгъэм сэбэп хуэхъуну къалъытэмэ, нэгъуэщІ Іуэху епльыкІэхэри къагъэсэбэпынущ.

Псом нэхърэ нэхъапэ

Псори зэхэту къапщтэмэ, G20-м и саммитыр Урысейм и Президентым сэбэпныгъ пылъу екІуэкІауэ къыпльытащ - псом япэрауэ, дунейпсо экономикэр зэпІэзэрыт щыкІэхэмэ. Путин Владимир аргуэру къыхигъэщащ Урысейр санкцэ Іэмалхэм зэрибийр.

- ЩыІэщ дуней псомэ, Европэмэ, Урысейми я экономикэхэм зезыыпсъуэжьхэр - ахэр хабзэм къемыгъэгъэ санкцэхэрщ... Зэ дрителъхьащ сыт хуэдэ санкцэхэри Іухьыным, ВТО-м и мардэхэм къызэригъэувым хуэдэу, хуиту сату Іуэхур зэтеублэным, - жиІащ абы.

«Къэрал тІощІым» я саммитым щытепсэльыхьащ дунейпсо экономикэр зыхэт гугъуехьышхуэхэми. «Дэ пыдощ Санкт-Петербург къащщыхэтлъхьа жэрдэмыр пхыгъэкІыным. Ар мылъкур зэхэдыгъуэныжрэ налогхэр ямытын щхьэкІэ къагупсыс Іэмалхэр къызэпыудыныжрэ зэгурыІуэ. Ар Іэмалынщэщ икІи мыхъэнэшхуэ зиІэщ», - къыхигъэщащ Путин Владимир. Апхуэдэу жиІащ си мыхьэнэр мынэхъ мащІэ нэгъуэщІ унэтІныныгъэшхуэми зэрытепсэльыхьар - терроризмэм ебэныныжрэ абы мылъку зэрыхуэатІыпщ лъагъуэхэр къызэпыудыныжрэ.

Экономикэм теухуауэ аргуэру зэ

Урысейм и Іэтащхьэм и пресс-конференцыр зытеухуауэ щытар саммитым кърикІуахэрами, лъэпкъ экономикэм теухуауэ упщІэхэри абы къыщыІуащ. Абы къэкІуэм жэуап щаритым, президентым къыхигъэщащ дунейпсо экономикэр щытыкІэ гугъуэм зэритым емылытыагъэ, Урысейм зэрызиужьыр зэрынэрылъагъур. «И щхьэр течауэ жыпІэ хъунущ Урысейм и экономикэр щытыкІэ гугъуэм къызэрикІар. Кварталищ, уеблэмэ, илъэс хъуащ хэхъуэ диІэ зэпыту дызэрекІуэкІрэ. Накъыгъэ мазэм ди лъэпкъ экономикэм и зыужьныныгъэр процентн 3 - 3,1-м фІэкІащ. СызэреплъымкІэ, 2017 гъэм ику иту процентн 2-кІэ хэхъуэнущ», - жиІащ къэралым и Іэтащхьэм. Путин Владимир къыхигъэщащ ар «дунейпсо экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуэхъунури». Абы зэрыжиІамкІэ, къэралым адэкІэ зэрызиужьыну щыкІэр тещІыхьауэ щытын хуейщ УФ-м и зыужьныныгъэм и планыр гъэхьэзырыным пэжыгъэшхуэ ебыщІа зэрыщІа урысей правительствэм и жэрдэмхэм. Ауэ, экономикэм и зыужьныныгъэм сэбэп хуэхъуну къалъытэмэ, нэгъуэщІ Іуэху епльыкІэхэри къагъэсэбэпынущ.

Псом нэхърэ нэхъапэ

Псори зэхэту къапщтэмэ, G20-м и саммитыр Урысейм и Президентым сэбэпныгъ пылъу екІуэкІауэ къыпльытащ - псом япэрауэ, дунейпсо экономикэр зэпІэзэрыт щыкІэхэмэ. Путин Владимир аргуэру къыхигъэщащ Урысейр санкцэ Іэмалхэм зэрибийр.

- ЩыІэщ дуней псомэ, Европэмэ, Урысейми я экономикэхэм зезыыпсъуэжьхэр - ахэр хабзэм къемыгъэгъэ къызэпыудыныжрэ.

СОЗАЕВ - ГУРЬЕВ Егор.
«ТАСС» хъыбарегъащІэ ІэнатІэ

Мы гъэм и бжьыхьэм Урысейм щыпсэуэхэр Іуэзнкіэ хъунущ ди къэралым щыщІахуа фор мащІэ хъунущ ягъэ абы и щытыкІэ хэхъуэныгъэ. Бжьэ зыгъэхъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и президент Бутов Арнольд зэрыжиІамкІэ, фор процент 50-кІэ е нэхъыбэкІэ нэхъ мащІэ хъуну къыщІэкІынущ. Ар зэпльытар мы гъэмахуэм и щытыкІэрщ. Ди къэралым и европей лъэныкъуэмкІэ дунейр щыІэрэ уэлбанэрилэу щыщхьэуІу мазэми щекІуэкІмэ, бжьэхэм ягъэхьэзыр фор езыхэм щІымахуэ шхыну яхурикъужьынукъым. Апхуэдэу абыхэм ящыщ куэдым щІымахуэр яхуихынукъым. Шынагъуэу щыІэр абы и закъуэкъым: бжьэхэр гъэгъахэм темытІысхьэмэ, Урысейм и европей щІыналъэм и къэкІыгъэхэри къулейсыз хъунущ.

Бжьахъуэхэр егъэпІейтей

● Фо

БУТОВЫР зэрелпъэмкІэ, дунейм и щытыкІэр апхуэдэурэ екІуэкІынымэ, бжьахъуэхэм къаІэрыхьэ псори бжьэхэм щІымахуэ шхыну къыхуагъэнэн хуейщ. Бжьэхэр зыхуэхъунэнур фо куэду зыгъэтІылъа хозяйствэхэрщ.

- Ауэ матэхэм фо нэхъыбэ къизыхьыу, бжьэхэр фошыгъупсым щызыгъэгугъыныхэм бжьэ унагъуэхэр яфІэкІуэдынкІэ хъунущ, - жиІащ бжьахъуэ нэхъыщхьэм. - Сэ сытым дежи жызоІэ бжьэм бий куэд зэриІэр, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр - бжьахъуэ нэпсейрщ. Фошыгъу къыщагъэсэбэпын и деж бжьэхэр сымаджэрилэ мэхъу.

Абы зэрыжиІэмкІэ, уэлбанэрилэу зэрыщытым къызэкІыу бжьэхэр мащІэ дыдэрэщ я бжьэ матэм къызэрикІыр икІи махуэ уэфІхэм зэхуэхъэсахэр кьанэ щымыІэу яшхыжащ.

- Ахэр сытым дежи мэлажьэ, зэи Іуэхуншэу щыскъым, - жеІэ Бутов Арнольд. - БжьаІуэр зэлъытІуах. Дунейр уэфІ зэрыхъуу, фо лъыхъуакІуэ йожьэ. Ауэ иджыпсту ахэр матэм дэсщ. Фо килограмм ныкъуэ абыхэм естати, къызэрыІэтри ар яшхын щІадзащ. Бжьэ анэм папщІэ гъэтІылъыгъи ящІащ икІи ар бжьэ унагъуэр зэригъэбэгъуэнум толажьэ. Зы жэщ-махуэм хурибудэу бжьэ анэм джэдыкІэ мини 2 егъэтІылъ икІи фор къемащІэкІыну къыщыхьумэ, ар щегъэт. Ахэр псэущхьэ губзыгъэщ, - яхуэмыпІыжьын щхьэ дунейм къытрагъэхьэн хуей?

Бжьахъуэхэм я зэгухьэныгъэм Президентымрэ Правительствэмрэ зыхуагъэззэну я мурадщ Іэнатіэр зэман гуэрым къикІынымкІэ зыкъыщІагъэкъуэну елъэІуу. Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, бжьэ гъэхъуныр хохьэ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ къэрал программэм. ИкІи къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я зэранкІэ хэщІынрэ я гугъэтмэ, къэралым абы хуэфащэн компенсацэ яритыжыну хьэзыщ. АрщхьэкІэ, бжьахъуэхэм ядэІэпыкъуным теухуа унафэ Іуэхущ Іанэм иджыри къыщащтакъым.

Бжьэ гъэхъунымкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ профессор Лебедев Вячеслав арэзы текъуащ кърахьэлІэу щытам и процент 50-м фІэкІа къаймыхъулІэнкІэ шынагъуэ зэрыщыІэм. Щапхъэу абы къиухащ ипщэ щІыналъэхэм кІарц хужьым къыхэха фом и уасэм нэгъабэрейм елъытауэ процент 50-м щІигъкІэ зэрыщыкъхуар. Апхуэдэ фо килограммыр иджыпсту сом 500 и уасэщ.

- Урысейм и европей лъэныкъуэм мы гъэм бжьахъуэхэм я Іуэхур щыщІагъэкъуэным: уэшх куэд къоших, дунейр щІыІэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэщІыныгъэ зыгъэгъэтынкІэ хъунур Урысейм и ику ит щІыналъэхэм я хозяйствэхэм я закъуэкъым, атІэ хуабэмрэ мафІэсымрэ щыІэта Сыбырми ар лъэІэсыфынущ, - гу лъитащ Лебедев Вячеслав. - ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, щытыкІэр Іей дыдэщ. Фоуэ щІахур хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъ мащІэ хъунущ. Бжьахъуэхэм зыкъытпащІыуэрэ къыджаІэ, бжьэ унагъуэ куэдым яшхын къудей къаззэрыхуэмыхьэлІэнур.

Бжьахъуэхэр апхуэдэуи тошынкъ, бжьэхэр гъэгъахэм темытІысхьэмэ, къэкІыгъэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъунур. Ар екъэлІащ мэкъумэшхэкІ къэкІыгъэхэми. ДызыхуэкІуэ илъэсым гъавэр зыхэпщІэу нэхъ мащІэ хъункІэ хъунущ.

Мы махуэхэм мэгъаГъэ фо хъарзынэ къызыпыкІ къэкІыгъэхэр. Иджыпстущ бжьэхэр хуабэрэ дыгъэрэ щыхуэнкъуэр. Гъэмахуэм и ещанэ мазэм дыщыгугъынщ. Ауэ ари уэфІу щымытмэ, абы и зэранкІэ бжьэхэм екІынкІэ хъунущ. ШыщхьэупІуэм къыщыщІэдзауэ абыхэм щІымахуэм зыхуагъэхьэзыр. Кърашахэр Іэмал щхьэхуэкІэ япІэм щІадзэ. Бжьэм езым къару къызхэзылъхьэрщ ишхыр. Фошыгъупсым апхуэдэ къэуат абыхэм къыщІаХыфынукъым.

- Зэрыхабзэщи, фом и Іыхьэ щагъэнращ бжьэхэм фошыгъупкІэ яхуэзэпхъэкІ Іуэхущ. Апхуэдэу адэкІи екІуэкІынумэ, фошыгъупсу яттыр нэхъыбэ тщІын хуей хъунущ. Ар бжьэм къытехьэлъэнущ. Фошыгъупсыр япхъращэзэнымрэ абыхэм къаруушхуэ трагъэкІуадэ. Къэуату щІэльри фом нэхърэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. ШхынкІэ тэмэму къызэгъэпэща мыхьумэ, бжьэ унагъуэ куэдым щІымахуэр ирахьфынукъым, - жиІащ Лебедев Вячеслав.

Езы бжьахъуэхэм я дежкІи фор фошыгъупкІэ зэрахъуэкІынымкІэ мылъкушхуэ трагъэкІуэдэн хуей хъунущ. Іэщ ІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, щытыкІэр зэпІэзэрыт ищІыжьфынут бжьахъуэхэм папщІэ фошыгъум и уасэр ягъэмэщІамэ.

КРЕЦУЛ Роман.
iz.ru

Къыргъызым зэгурыІуэныгъэхэр екъутэж

● Ухуэныгъэ

Къыргъызым къызэтригъэувыІащ Нарынск Ипщэмрэ Камбар-Ата-1-мрэ Урысей Федерацэм и гъусэу щаухуэну ирагъэжьа ГЭС-хэм ехьэлІа лэжьыгъэхэр. ЗэгурыІуэныгъэр зэракъутэжьым теухуа унафэ къыргызыз депутатхэм я зи чэзу зэхуэсым къыщащтащ.

ПАРЛАМЕНТЫМ а Іуэхум щыщытепсэльыхьым, Къыргызым экономикэмкІэ и министерствэм и лІыкІэхэм жиІащ 2016 гъэм къриубыдэу Урысей Федерацэм Нарынск Ипщэ ГЭС-м текІуэдэнум щыщ къызэрымыутІыпщащ, апхуэдэуи къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм абы халъхьэну мылъкур къыздэрахынум теухуауэ унафэ пчъыхьэ къызэрамыщтар. А зэкІэлъымыкІуэныгъэхэм я зэранкІэ мы гъэм ирагъэжьну я мурада ГЭС-м и ухуэныгъэр къызэпыуда хъуащ.

«ЩытыкІэ зэхэмыкІам къишащ гидроэлектростанцэр ухуэныр піалъэ мыубзыхуакІэ дгъэІэпхъэныр», - яжриІащ депутатхэм Экономикэмкіэ министерствэм и лІыкІэм. Абы къыхигъэщащ ухуэныгъэм мылъку къыхэзылъхьэфын инвесторхэр къэлъыхъуэн зэрыхуейр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ГЭС-р егъэжьынри республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ.

Къыргызым и правительствэм нэхъапэІуэкІэ зэрыщыжаІамкІэ, зэгурыІуэныгъэр якъутэжыным щхьэусыгъэ хуэхъуащ УФ-м ухуэныгъэм мылъку къызэрыхуимыутІыпщІымрэ ГЭС-м текІуадэр экономикэ щытыкІэ гугъуэм и зэранкІэ куэдыІуэ зэрыхъуамрэ. Абыхэм къызэралъытэмкІэ, уасэхэр зэрыхэхуам и зэранкІэ, гидроэлектростанцым халъхьа мылъкур къыщылэжьыжьыфынур илъэс пщІы бжьыгъэхэр дэкІмэщ. Фейдэ къыпхуищІын щхьэкІэ апхуэдиз зэманкІэ зэыпэплъэн хуей Іуэхум мылъку хэпІлъхьэныр къызыхэзыр яфІэтэмэмкъым.

Нарынск Ипщэмрэ Камбар-Ата-1-мрэ ГЭС-хэр щыхуэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм, Урысейр и закъуэу зи инвесторым, УФ-мрэ Къыргызымрэ Іэ традзауэ щытащ 2012 гъэм и фокІадэм.

Къыргызым и президент Атамбаев Алмазбэч иригъэкІуэкІа пресс-конференцым щыжиІащ экономикэ щытыкІэ хъэлъэм къыхэкІыу УФ-м ГЭС-хэр ищІыну хузэфІэмыкІыну. Абы къыхэкІыу проектыр зыгъэзэщІэн инвесторыщІэ республикэм къилъыхъэн хуейщ.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

● Ингуш

ДащІыхь Нэзрэн уардэунэ

Ингуш Республикэм и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бекрэ Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр Колобков Павелрэ иджыблагъэ зэІущІащ.

ИНГУШЫМ и Іэтащхьэм министрым зыхуигъэзащ республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ спорт ухуэныгъэхэр зэфІэгъэувэныкІэ щІэгъэкъуэн къахуэхьуну. КьищынэмыщІауэ, икІэщІыпІэкІэ зэгъэпэщІыжьын хуейщ «Мужичи» спорт зыгъэсапІэ центрыр.

Апхуэдэуи Евкуровым къыхигъэщащ республикэм олимп резервымкІэ и школхэм я зэфІэкІхэм хагъэхъуэн папщІэ ахэр къэралым и физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэхэм, а Іэнатіэм щылажьэ нэгъуэщІ еджапІэхэм хабжьэным теухуа Іуэхуми Спортымкіэ министерствэм и псалъэ хилъхьэну зэрыщыгугъыр.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ мылъку куэд зытемыкІуадэ физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексипщІ республикэм щаухуэнми. Ахэр хьэзыр хъунэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыхуэзыгъасэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я бжьыгъэм хэхъуэнущ.

Колобков Павел драгъэкІуэкІа зэпсэльэныгъэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытащ Нэзрэн къалэм дащІыхь Спортым и уардэунэм и ухуэныгъэр нагъэсын папщІэ къэралым мылъку къахуиутІыпщынкІэ. Ар Кавказ Ищхъэрэ федералънэ щІыналъэм щынэхь ин дыдэу щытынущ.

МИЛОВЭ Ольгэ.
sevkavportal.ru

● Къэрэшей-Шэрджэс

Сыт сымаджэхэр Израилымрэ Европэмрэ щІэкІуэр?

Загъэхъужыну нэгъуэщІ къэралхэм кІуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ ящІын мурадкІэ Къэрэшей-Шэрджэсым медицинэ къалэ щаухуэнущ

КАВКАЗ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес зэрыжиІамкІэ, медицинэ Іуэхущ Іапіэхэр ухуэнымкІэ УФ-м Урысейм Іэр хъумэнымкІэ и министерствэм гурыІуащ икІи Правительствэм щыдаІыгъащ, иджыпсту проект-сметэ дэфтэрхэр ягъэхьэзыр.

- Медицинэ кластерыр - ар зы унэтІныныгъэм хуэщІа Іуэхущ Іапіэ гупщ, щІэныгъэ-хъэхуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ, сымаджэхэм щеІэзэ, узыншагъэр щызэрагъэувэж Іэнатіэхэр хьыбэу. Ар пэмыжыжьэу щытынущ Кавказым и Минералнэ псы хущхъуэхэм щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм, - къыхигъащІ Байсултанов. - Дэ лъакъэрыгъажэ къэдгуфІэсысу аракъым: мыр дуней псом къыщыздащта ІуэхугъэщІ - егъэджэныгъэри, сымаджэхэм еІэзэнри, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэри зы унафэм щІэту екІуэкІыныр.

Медицинэ къалэр щаухуэну къыхахащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Малокарачаевск щІыналъэр. Абы щащІынущ медицинэ университетыр (метр зэбгъуэжанІэ мин 23,6-рэ хъуу), щІыху 576-м зэуэ щеІэзэным хуэщІауэ университетым къепха сымаджэщрэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ центррэ (метр зэбгъуэжанІэ мин 16,4-рэ хъуу). Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федералънэ щІыналъэм щаухуэнущ узыншагъэр щІэзэгъэгъэувэж центрхэр, санаторхэр, унэтІныныгъэ щхьэхуэ зиІэ сымаджэщхэр: малоинвазивнэ, кІуэщІ узыфэхэм щеІэзэ, анэмрэ сабийрэ я узыншагъэм щыкІэлъыплъ клиникэхэр.

- Узыншагъэр щызэфІагъэувэж унэтІныныгъэр нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Сымаджэм еІэзэныным операцэ щынымрэ къалэныш-хуэщ, ауэ и мыхьэнэр нэхъ мащІэкъым Іэпкъльэпкъыр зэфІэгъэувэжыным. Абы къыхэкІыу унафэ тщІащ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм реабилитацэ щрагъэкІуэкІ центрхэр щыдухуэну, - жиІащ Байсултанов Одес. - Мыбы мыхьэнэшхуэ щиІэщ промышленнэ унэтІныныгъэми - къагъэсэбэпыну зэхэпщІыпхэмрэ медицинэ оборудованэмрэ кластерым и гъунэгъу къыщыщІагъэкІмэ нэхъыфІщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр «зы щхьэгъубжэ» щыкІэм тет медицинэ къалэ духуэнырщ.

Проектым, псалъэм папщІэ, щІыналъэхэм я гугъуехьхэм ящыщу щІыхуэгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр зэгъэхъужыну нэгъуэщІ къэралхэм кІуэхэр нэхъ мащІэ щІынымрэщ. 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэ щІыхуэкІэ я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу. А щытыкІэм зедгъэхъужьхъэщ. Кавказым къыщыщынэхун хуейщ европей мардэхэм къытІасэ, щхьэхуэсэгъэзэкІэ къакІуэхэр щызэфІагъэувэж Іуэхущ. Нобэкіэ Урысейм апхуэдэ щІэхъэм, - къыхигъэщащ ІэщагъэлІым.

Лыых, хирургие операцэ гугъуэхэр, лъхуГъэм епхэхэр - нэхъыбэу а узыфэхэрщ зыгъэгузавэр загъэхъужыну ди къэралым икІэхэр. Сымаджэхэм нэхъ къыхах къэралхэм ящыщщ Израильмрэ (процент 40) Германиемрэ (процент 30). Иужьрей илъэсипщІым къриубыдэу УФ-м икІыу ФРГ-м загъэхъужьыну кІуэхэм я бжыгъэм хуэдитхуэ щІигъукІэ хэхъуащ.

Кавказ Ищхъэрэм щаухуэну медицинэ къалэм убгъуауэ лэжьэн щІидзэну хуагъэфащэ 2024 гъэм ирихьэлІэу.

НЕДЮК Мари.
«Известия»

Бжьахъуэхэр егъэпІейтей

● Фо

бжьэ унагъуэ куэдым яшхын къудей къаззэрыхуэмыхьэлІэнур.

Бжьахъуэхэр апхуэдэуи тошынкъ, бжьэхэр гъэгъахэм темытІысхьэмэ, къэкІыгъэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъунур. Ар екъэлІащ мэкъумэшхэкІ къэкІыгъэхэми. ДызыхуэкІуэ илъэсым гъавэр зыхэпщІэу нэхъ мащІэ хъункІэ хъунущ.

Мы махуэхэм мэгъаГъэ фо хъарзынэ къызыпыкІ къэкІыгъэхэр. Иджыпстущ бжьэхэр хуабэрэ дыгъэрэ щыхуэнкъуэр. Гъэмахуэм и ещанэ мазэм дыщыгугъынщ. Ауэ ари уэфІу щымытмэ, абы и зэранкІэ бжьэхэм екІынкІэ хъунущ. ШыщхьэупІуэм къыщыщІэдзауэ абыхэм щІымахуэм зыхуагъэхьэзыр. Кърашахэр Іэмал щхьэхуэкІэ япІэм щІадзэ. Бжьэм езым къару къызхэзылъхьэрщ ишхыр. Фошыгъупсым апхуэдэ къэуат абыхэм къыщІаХыфынукъым.

- Зэрыхабзэщи, фом и Іыхьэ щагъэнращ бжьэхэм фошыгъупкІэ яхуэзэпхъэкІ Іуэхущ. Апхуэдэу адэкІи екІуэкІынумэ, фошыгъупсу яттыр нэхъыбэ тщІын хуей хъунущ. Ар бжьэм къытехьэлъэнущ. Фошыгъупсыр япхъращэзэнымрэ абыхэм къаруушхуэ трагъэкІуадэ. Къэуату щІэльри фом нэхърэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. ШхынкІэ тэмэму къызэгъэпэща мыхьумэ, бжьэ унагъуэ куэдым щІымахуэр ирахьфынукъым, - жиІащ Лебедев Вячеслав.

Езы бжьахъуэхэм я дежкІи фор фошыгъупкІэ зэрахъуэкІынымкІэ мылъкушхуэ трагъэкІуэдэн хуей хъунущ. Іэщ ІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, щытыкІэр зэпІэзэрыт ищІыжьфынут бжьахъуэхэм папщІэ фошыгъум и уасэр ягъэмэщІамэ.

КРЕЦУЛ Роман.
iz.ru

ЗэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къытполъэ

● Шынагъуэншагъэ

Іэщэкіэ зэщІэуэзда, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм зэхъуэкІынныгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІыну ди къэралым зыщагъэхьэзыр. Хъыбарегъащ Іэнатіэхэм къызэратымкІэ, 2018 гъэм ирихьэлІэу Урысейм къыщыцынэхунщ ФСБ-м и къалэнхэр зыгъэзэщІэну Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ министерствэ.

АПХУЭДЭУ Іуэхущ Іапіэщ Іэм хагъэхьэну хуагъэфащэ Къэрал унафэщІхэр хъумэнымкІэ Хъыбарегъащ Іэ-гал щІыбым щыІэ тІасхъэщІэх Іэнатіэмрэ я бжьдамэ зыбжанэ.

Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ министерствэм (МГБ) кьалэныщІэ куэд хуагъэувыну. Псалъэм папщІэ, ар кІэлъыплъынущ абы игъэхьэзыра дэфтэрхэм япкъ иткІэ МВД-мрэ Следственнэ комитетымрэ къаІэт уголовнэ Іуэхухэм. МГБ-м иІэжьнущ езым и Следственнэ управленэ. Абы зэкІэлъыкІуэ къэрал мыхьэнэ зиІэ уголовнэ Іуэхухэмрэ щІэпхъаджагъэ инхэмрэ.

Адрейуэ ирагъэкІыжьыну зыхуагъэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщщ Следственнэ комитетыр аргуэру прокуратурэм хагъэхьэжьныр. КьищынэмыщІауэ, «Коммерсантъ» газетым етх МЧС-р щамыгъэІэжьыхьэнкІэ хъуну. Апхуэдэу зэхъуэкІ-мафІэсым пыщІа Іуэхухэр - МВД-м и ирагъэкІыжьыну, дуней зэхъуэкІыщІэхэм ящыщ. Ди къэралым и Іуэхуэхэмкіэ министрым и япэ къуэдзэм.

Медицинэ кластерыр хуэхэуэ щытынущ зыгъэпсэхуэ щІэныгъэ-хъэхуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ. Кластерыр нэхъ зыхуэгъэпсауэ щытынущ щаубзыхум Іуэхур тращІыхьащ КИФЩІ-мрэ УФ-м и адрей щІыналъэхэмрэ щыпсэуэр нэхъыбэу къыхэзыгъэзыхь узыфэхэм, щыхуэр нэхъ зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуэгъуэм, Европэм щыІэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьэкІэм. Псори зэхэту абы текІуэдэну хуагъэфащэ сом меларди 162,1-рэ.

«СОГАЗ» страховани гупым медицинэ унэтІныныгъэм зегъэужьныныкІэ и проектым и унафэщІ, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа проектым и чэнджэщэгъу Магомедов Салман зэрыжиІамкІэ, Кавказым щахуэну медицинэ кластерыр - ар «Уэншагъэ» лъэпкъ стратегием и Іыхьэщ.

- КъаІэныр - технологиехьагъэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъныгъэкІэ цІыхуэр зэхъуэпэщыныкІэ зэгъэхъужыну нэгъуэщІ къэралхэм кІуэхэр нэхъ мащІэ щІынымрэщ. 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ апхуэдэ цІыхуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу. А щытыкІэм зедгъэхъужьхъэщ. Кавказым къыщынэхун хуейщ европей мардэхэм къытІасэ, щхьэхуэсэгъэзэкІэ къакІуэхэр щызэфІагъэувэж Іуэхущ. Нобэкіэ Урысейм апхуэдэ щІэхъэм, - къыхигъэщащ ІэщагъэлІым.

Лыых, хирургие операцэ гугъуэхэр, лъхуГъэм епхэхэр - нэхъыбэу а узыфэхэрщ зыгъэгузавэр загъэхъужыну ди къэралым икІэхэр. Сымаджэхэм нэхъ къыхах къэралхэм ящыщщ Израильмрэ (процент 40) Германиемрэ (процент 30). Иужьрей илъэсипщІым къриубыдэу УФ-м икІыу ФРГ-м загъэхъужьыну кІуэхэм я бжыгъэм хуэдитхуэ щІигъукІэ хэхъуащ.

Кавказ Ищхъэрэм щаухуэну медицинэ къалэм убгъуауэ лэжьэн щІидзэну хуагъэфащэ 2024 гъэм ирихьэлІэу.

НЕДЮК Мари.
«Известия»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Замирщ.

Мысачэм и вагъуэ

● Щапхъэ

Мы тхыгъэр зытеухуа Мысачэ Валерэ Сэфарбий и къуэр ящышщ Урысей Федерацэм и мызакъуэу, хамэ къарелхэми зи зэфІэкІкІэ щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІхэм.

ПРОХЛАДНЭ дэт школ-интернат №95-м и ужькІэ, ар щІэтІысхьащ финансымрэ экономикэмкІэ институту Ленинград къалэм дэтым. Ари нэхъыфІхэм хабжэу 1977 гъэм къиухащ Мысачэм. Москва дэт финанс институтым и аспирантурэр 1984 гъэм къиухащ, и кандидат диссертацэри абы щыпхигъэкІащ. Абыкіи къызэтеувыІакъым - УФ-м и Правительствэм и Финанс университетым и докторантурэри къиухащ 1996 гъэм, «экономикэ щІэныгъэхэм я доктор» цІэри абы къыщыфІащащ.

Ар КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ КъБКъАУ-м экономикэмкІэ, финансымкІэ и факультетхэм я декану лэжьащ, 2008 гъэм къыщыщІэдзауэ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым информатикэмрэ щІыналъэ управленэмкІэ и институтым и къудамэм и унафэщІащ.

Мысачэ Валерэ и къэхутэныгъэхэм ятеухуа щІэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу 350-рэ игъэхьэзыращ. Абыхэм яхэтщ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм, аспирантхэм, егъэджакІуэхэм къагъэсэбэпхэри. Монографиеу 27-рэ, тхыгъэу 50-м щІигъу журнал, газет пэрытхэм къытрыригъэдзащ, абыхэм яхэтщ Къэзахъстаным, Литвам, Германием, Инджылызым, Канадэм, США-м, Пакистаным къыщыдэкІахэри. И къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэрапІэ хэлъщІыгъу ящІу, аттестацэ комиссэ нэхъыщхьэм и чэнджэщкІэ, щІэныгъэ журналхэм Мысачэм и Іэдакъэщі экІхэм и гугъу 2500-м щІигъурэ ящІащ. Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я рекреацэ комплексхэм зегъэужьыным триухуа и щІэныгъэ лэжьыгъэхэр 2009 гъэм РАН-м и илъэс отчётым хьыхащ. Урысейм къэхутэныгъэ куухэмкІэ и фондымрэ Илщэ щІэныгъэ центрымрэ я грантхэр мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ абы. ЩІэныгъэлым и рейтингри лъагэщ - УФ-м и экономистхэм я деж абы 31-нэ ябыпІэр щиІыгъщ.

ЩІыналъэхэм я экономикэм я зыужьыныгъэм Кавказ институтхэм хуащІ хэлъхьэныгъэм теухуауэ студентхэм, аспирантхэм, егъэджакІуэхэм папщІэ къызэрагъэпэщ семинар хэхам и щІэныгъэ унафэщІыр Мысачэрэщ. Абы иригъэджахэм ящыщу 4-р щІэныгъэхэм я доктор, 30-м щІигъур кандидат ячІащ. Хэкум зэрыхуэпэжым, зэхэгъэж зэримыщІэм, жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэм зэрыхуэжьыджэрым, щІэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхуэхэр институтым щегъэфІэкІуэным и къару зоригъэхилъхьэм папщІэ, и лэжьэгъуэхэмрэ аспирантхэмрэ пщІэшхуэ къыхуащІ.

ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкІуэу, Мысачэ Валерэ республикэм и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ гъащІэми щыжьыдэжрщ. ИнформатикэмкІэ институтым и еджагъэшхуэхэм я Советым, Кавказ Ищхъэрэ бгы-металлургие университетым, Бгырыс къэрал мэкъумэш университетым, КІуэкІуэм и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым дисертацэмкІэ я советхэм хэтщ, «Функционально-стоимостный анализ» щІэныгъэ школым и унафэщІщ, еджакІуэхэм экономикэмкІэ я республикэ олимпиадэм и Іуэхур илъэсипщІым щІигъуауэ еунэтІ.

Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием кууэ иригъэкІуэкІ «Функциональные проблемы пространственного развития Российской Федерации: междисциплинарный синтез» программэм и гуэдзэнри зыгъэхьэзырхэм жыджэру яхэтщ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ министерствэм и къэрал аттестацэ комиссэм и унафэщІу мызэ-мытІэу хахащ: Адыгэ, Ингушыкъэрал университетхэм, Бгырыс, Ставрополь къэрал мэкъумэш университетхэм, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ къэрал мэкъумэш университетми ирагъэблагъащ, апхуэдэуи ВАК-м и журналитІым я редколлегиехэм хэтщ.

Мысачэ Валерэ КъБР-м и Іэтащхьэм дежи щыІэ Эксперт-аналитикэ советым, республикэм и Правительствэм деж хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ цІыкІуэмрэ курытхэмрэ я инновацІэ проектхэмкІэ щыІэ ЩІэныгъэтехникэ советым хэтщ, илъэсипщІым щІигъуКІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым бюджетымрэ налог политикэмкІэ и эксперту, КъБР-м Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ и министерствэм и Жылагъуэ комитетым и тхьэмадэу щытащ. 2016 гъэм Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и эксперту хахащ.

Мысачэ Валерэ и гуащІэ хьэлэлкІэ, бгъэдэлъ щІэныгъэ куукІэ, егъэджэныгъэ Іуэхум щиІэ зэфІэкІкІэ адрейхэм я къахощ. И лэжьыгъэфІым къыпэкІуэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуаллэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм (2006, 2008 гъэхэм), республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм (2002, 2007 гъэхэм), Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием (2014 гъэм) я щІыхь тхыльхэр къыхуагъэфэщащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Шынагъуэншагъэ

Гуэзэвгъуэ хэхуахэр къезыгъэлхэр

Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэ КъБР-м щыІэм мы гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикІуам щрилъэжащ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къалэнхэр п1алъэкІэ зыгъэзащІэ Борисов Вячеслав.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым КьыззэрымыкІуэ къэхъуькъащІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ и къэрал Іэнатіэм (РСЧС) и лэжьакІуэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу къэхъуькъащІэ шынагъуэу 2-м, цІыхухэм я дежкІэ мыкьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу 8-м хэтащ.

Ялпэ къэхъуькъащІэр - гъатхэпэм и 3-м Чегет бгым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ уэсукхъуэ кьызэрыщехарщ. Абы цІыхуий щІиубыдати, зыр кьрагъэлащ, адрейхэр хэкІуэдащ. ЕтІуанэр - мэкъауэгъэуэм и 25-м Аруан районым и мэзылъэ щІыпІэм «Сигма 4» мотор псынщІэ къухьлъатэр кьыщехузхьу абы исар зэриуКІарщ.

КъэхъукъащІэу 8-м ящыщу щыр газ зэрыкІуэ бжьамийм сэкъат зэригъэутам кьрикІуащ. Мэкъауэгъэуэм и 2-м уэ зыхэлъ уэшхышхуэрэ жьапщэрэ Аруан районым хьихь Псыгуэнсу зэрыщІам и зэранкІэ къуажэм псэупІэ унэ зиІэ 85-м я унащхьэхэм сэкъат ягъуэтащ.

2017 гъэм и япэ мазихым мафІэс-къеГъэлакІуэ ІэнатІэхэм ягъэункІыфІащ мафІэс 224-рэ, абыхэм кьыщрагъэлащ цІыху 50, цІыхуи 8-м фэбжь ягъуэтащ, 2 хэкІуэдащ. Илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм мафІэс 258-рэ зыхэсъуати, абыхэм цІыху 54-рэ кьыщрагъэлащ, 27-м фэбжь ягъуэтащ, цІыхуищ хэкІуэдащ.

Гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм мафІэс-къеГъэлакІуэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэр 202-рэ ираджащ (нэгъабэ - 231-рэ) абыхэм цІыхуи 123-рэ кърагъэлащ.

ЩІышылэ - мэкъауэгъэуэ маззэхэм ирагъэкІуэкІа къэлъыхъуэныгъэ-къеГъэлакІуэ Іуэхуи 9-м щыщу 8-р Іуащхьэмахуэ лъапэ щІыпІэм, зыр Шэджэм ауэым щекІуэкІащ. Абыхэм кьыщрагъэлащ цІыхуибл, зы хэкІуэдащ. Мэкъауэгъэуэм и 18 лъандэрэ, дунейм и щытыкІэм кьыщеозгъым деж, къалъыхъуэ Америкэм щыщ туристыр, ауэ ар зэкІэ къагъуэтакъым.

- Дубзыхуэ Іуэхуэр зэфІэдгъэкІащ, МЧС-м и Управленэу КъБР-м щыІэр полъэщ и къалэнхэм, - жиІащ Борисов Вячеслав.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

ЩІалэгъуалэм я къэкІуэнур зэлъытар

Адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр зыгъэгузавэ Іуэхугъэхэм ящыщщ иджырей ди щІэблэм ягъуэт гъэсэныгъэр зыхуэдэр.

БАХЪСЭН дэт курыт еджапІэ №94-м илъэс 16 хъуауэ сыщолажьэри, дэтхэнэ зы егъэджакІуэми хуэдэу сыщигъуазэщ зы махуэм сабий папщэ школым къемыкІуэлІами, ахэр кьыщІэмыкІуам и щхьэусыгъуэми. Абы кьыхэкІыри, адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ дызэупщІыжьпхъэщ: «Еджакіуэхэр гъэсу захуэ тедгъуэзэн папщІэ, тлъэкІ псори тщІэуэ п1эрэ?» - жьпТэу.

Псалъэм къыдэкІуэу кьыхэзгъэщынщи, дэ, егъэджакІуэхэр, арэзы дыкъэщІыркъым щІалэгъуалэм унагъуэхэм щагъуэт гъэсэныгъэм. Адэ-анэхэр, я бынхэр кьызыхуэтынщэу яГэпсэуэн папщІэ, хэти махуэ псом бззэрыт тесщ, хэти іожьэри мазэ бжьигъэкІэ кьэтщ, жэщ-махуэ ямыІэу я мылъкур щІызэхуахьэс я бынхэр мащІэ-мащІэуэрэ зэралэщІэкІым гу лъамытэу. «Ахэр кьызыхуэдгъанэр адэшхуэ-анэшхуэхэращ, хамэкъым», - жаІэ ящыныкъуэхэм. АрщхьэкІэ, нэхъыжьхэр сабийхэм зэрахуэщадэм, куэд зэрыщхьэщапсэщІыкІым кьыхэкІыу, иужьрейхэм я ныкъуэныгъэхэм щыхагъахъуэр нэхъыбзщ.

Абы кьыдэкІуэри, гурыІуэгъуэщ дэ, егъэджакІуэхэм, сабийхэм ябгъэдэтлъхьэ гъэсэныгъэ-ущиныгъэми мыхьэнэшхуэ зэриІэр. ИтІани, кьыхэсгъэщапхъэщ, щІалэгъуалэм яжетІэр езыгъэбыдылІэн, кьыддэзэлыигъыни я унагъуэхэм имысмэ, ди лэжьыгъэр псыхэкІуадэ зэрыхъур.

ГъащІэм гукъыдэж хуаІэу, гу кьабзэ-щхьэ кьабзэу, я узыншагъэм кІэлъыплъыжьыфу ди щІалэгъуалэр едгъэсэн папщІэ, сызэреплъымкІэ, Іэмал нэхъыфІ дыдэу диІазэм, ноби щІалэгъуалэм яІыщІ, зыщ ижь-ижьыжьыж лъандэрэ кьыддэгъуэгурыкІуэ «Адыгэ Хабзэ» жьхуэтІэр.

Нэхъыжьхэм жаІэу куэдрэ зэхьідох: «Лъэпкъыр бы-къызэтенэжьн папщІэ, сыт хуэдэ зэманми ди хабзэмрэ нэмысымрэ тІыгъыжьпхъэщ. Арыншауэ зытхуэхъумэжьнукъым, ефІэкІуэныгъи диІэнукъым, гъащІэм кьытфІыхьихьэ ныкъусаныгъэхэри тхуэгъэкъэбзэкІыжьнукъым». А псалъэхэм сэри срителъхьэщ. Сыту жьІтІэмэ, хабзэр цІыкІур зэрыхъэзыхь ІэмалІ гуэркъым, атІэ щхьэхьанагъэм кьыІэщІэзыгъэкІщ, и чэзум илэжьыпхъэр гурызыгъэІэуэщ, Іэзэгъэльагъущ, Іуэху нэхъ гугъуэжьэм пІэлъэщ яхуэзэщІщ, щыІуами къигъэзэжьну Іэмал езытщ.

А псоми кьадэкІуэу, дэ, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэм дынывэлъэІунут: «Фи бынхэм, зэранигъэ зыпылъ ялэжьыфын хуэдэу, зэман лей кьахудэвмыгъахуэ!» - жьІтІэу. Дызэрыщыгъуазэщи, мы зэманым къэралым мылъкушхуэ трегъэкІуадэ щІалэгъуалэр Іуэху дахэжьм дригъэхьэхьэн папщІэ. Ди республикэми щІэх-щІэхьыурэ щІалэгъуалэ зэхуэсхэмрэ спорт зэІущІэхэмрэ кьыщІэзэрагъэпэщ, кьурт еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм гупжьей зэхуэмыдэхэр щызэхашэ. Ди щколыр кьэсщІтэнщи, зэрырагъаджэ предметхэм нэмыщІ, волейбол, футбол, баскетбол, теннис, шахмат, информатикэ хуэдэхэмкІэ факультатив-секцэ зэмылІэужьыгъуэу 14 диІэщ. «Кабардинка» академие ансамблым хэтхэр ди деж кьоклуэри, ди щІыкІуэм кьэфэкІэ ирагъащІэ.

ДызыгъэпІейтей Іуэхугъуэм теухуауэ и гупсысхэмкІэ кьыддогуашэ УФ-м и Коммунист партым и Бахъсэн щІыналъэ къудамэм и япэ секретарь Къэнэмэт Замир.

- Поори кьыщежьэжьыр унагъэращ. Абы щигъуэт гъэсэныгъэр и лъабжьэщ щІалэм и дуней тетыкІэр, и гупсысэкІэр, и хьэл-щэныр. Зыхуэдэнуми. Дыщыпсэу лъэхъэнэм компьютерми информатикэми хащІыкІыпхъэщ, ауэ, сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъыщхьэу къэнэжьр езы цІыхуращ, - жиІащ абы.

КХЪУЭІУФЭ Залинэ.

● Фестиваль

Гуп къыхэхар ягъэбелджылын папщІэ

Бадзэуэгъуэм и 22-м «Спартак» стадионым щекІуэкІынущ Кавказ лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкІэ я фестивалым и республикэ Іыхьэм КъБР-м и къалащхьэм и цІэкІэ хэтыну гуп къыхэхар щаубзыхуну щІыпІэ зэхьэзэхуэ.

ФЕСТИВАЛЫМ и программэм къызэщІеубыдэ Іэпщэкіэ зэпекъуныр, шабзэ гъэуэныр, кьару троеборьер, хьэпъэ къэІэтыныр, мини-футболыр, хьэлъэ гъэІэпхъуэныр, 4х200 эстафетэр, кІапсэкІэ зэпекъуныр. Зэхьэзэхуэм хэтыну Іэмал яІэщ ар щекІуэкІынум ирихьэлІэу илъэс нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ Налшык сыт щыгъуи щыпсэуа, зи ныбжьыр илъэс 17-м щІигъуэр. Апхуэдэхэр ятхынущ бадзэуэгъуэм и 22-м сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м. Зэпеуэхэм сыхьэти 10-м щІадзэнущ.

Зэхьэзэхуэм хэтыну гукъыдэж зиІэхэм яІыгъын хуэищ я паспортымрэ уэшышагъэм и щытыкІэр къэзыгъэльагъуэ медицинэ справкэрэ. Минифутболымрэ кІапсэкІэ зэпекъуныкІэ зэпеуэхэм зыкъыщызыгъэльэгъуэнухэм судейскэ коллегием Іэрагъэхьэн хуейщ дохутырым и Іэ зыщІэлъ заявкэхэр.

Фестивалыр зэрекІуэкІынум ехьэлІауэ упщІэ зиІэхэм зыхуаГъазэ хъунущ Налшык къалэ щІыпІэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхьэмкіэ и управленэм мы телефон номерэхмкІэ: 42-55-55, 8-928-077-36-77.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Зэхьэзэхуэм и пэ кьнхуэу

БИДЖИЕВ Хьэсэнбий:

ТхузэфІэкІыр дощІэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищэ» гупым 2017 - 2018 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм нобэ щІедзэ. «Спартак-Налшыкыр» Краснодар къалэм щІыІущІэнущ абы и «Кубань-2»-м. Зэпеуэм щІидзэным и пэ къихуэу дэ зыхуэдгъэзащ ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Биджиев Хьэсэнбий.

- «Спартак-Налшыкым» и футболист нэхъыфІхэр абы хэкІыжащ. Ди командэм и Іуэху иджыпсту дауэ щыт?

- МазитІ ипэкІэ «Спартак-Налшыкым» хэтахэм ящыщу къэнэжар цІыхуитху-хьщ. Адрейхэр ятІэ дивизионым и командэхэм хьыхащ. Абы кьыхэкІыу гупыщІэ зэхудошэх, арщхьэкІэ зэманыр хуабжьу къыдомэщІэкІ икІи тхуэзэфІэкІыр дощІэ. ИджыпстукІэ кьетшэлІэжащ бдзэжэну ттауэ щыта ди щІалэхэр, ныбжьыщІэхэм нэхъыфІхэр къахэтшащ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІахэм дакІэлъпоЛъ. Бадзэуэгъуэм и 20-м ирихьэлІэу «Спартак-Налшыкым» хэтынхэр дубзыхуу, ахэр ятхын папщІэ заявкэ едгъэшын хуейщ. А махуэ дыдэм Краснодар дыщыджэгуну кьытпэщылъщ.

- Цыхуу дапщэ заявкэм хыхьэн хуейр?

- Регламентым къызэригъэувыкІэ, зэуэ цІыху 25-рэ едгъэтх хъунущ. Арщхьэкіэ фокІадэ мазэр кьэссыхукІэ иджыри футболист зыбжанэм дыпэплъэну Іэмал диІэщ.

- Ди командэм зэрыщыджэгунымкІэ зэгурыІуэныгъэ зэфщІыІа футболистхэр щыІэ?

- ЗэкІэ зыми зэгурыІуэныгъэ етщІыпІакъым. Абы зэран хуэхъу Іуэхугъуэ гуэрхэр щыІащи, нобэ-пщэдей ахэр зэфІэжа хъуну дыщогугъ. ИтІанэщ «Спартак-Налшыкым» хэдгъэхьахэм я щІэхэр хэІущІыну щытщІынур.

- Зэхьэзэхуэр зэман кІыхькІэ екІуэкІынущ. Футболист 25-м я къаруКІэ абы фыхэтыфыну?

- Аращ хабзэр. Заявкэм хэхуэнухэм къищынэмыщІауэ, щІалэгъуалэ гупым щыщу щыжьи цІыхуипщІ абы хэдгъэхьэнущ.

- Зыкъомрэ сымэджа иужькІэ иджыблагъэ джэгупІэ губгъуэм кьихьауэ тлъэгъащ гуащьауэ Іэзэ Гугуев Магомед. Абы и Іуэхур дауэ щыт?

- ЗэрыфщІэщи, игъуэта фэбжьым и зэранкІэ Гугуевыр мазибгъэм нэблагъэуэ джэгуркъым. Ар командэм кьыхэнащ икІи и узынщагъэр зэфІэувэжауэ кьыщІэкІмэ, Іэмал имыІэу зэІущІэхэм кьыщыдгъэсэбэпынущ. Абы дэ хуабжьу дыщогугъ.

Зытхыжар **ХЪЭТАУ Ислъамщ.**

● Бахъсэн щІынальэ

Къалэр ягъэдахэ

Дыгулыбгъуейм Сыжажэм и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым щыщу метр зэбгъуэнатІэ 4200-м асфальт щІэуэ тралъхьащ Бахъсэн къалэ администрацэм и къарукІэ.

АПХУЭДЭУ, чырбыш заводымрэ Бахъсэнымрэ и уэрамымрэ я зэхуакуми елэжьыжащ: кумблъэмб куэдым я зэранкІэ а щІыпІэм щызэкІуэгъуэй хъуат. Зэлуэзэщ ящІынущ къалэ паркри. Абы и лъэс зекІуэлІэхэр мывэ плиткэхэмкІэ ящращыкІыну загъэхьэзыр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 22-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегиемэ хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмоХэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэм ЩІэныгъэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редакторыу* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №915